

Repiblik Ayiti

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PROFESYONÈL
KOMISYON MILTISEKTORYÈL NASYONAL ENPLANTASYON NOUVO SEGONDÈ

1 - KREYÒL

2006 - 2007

SA KI NAN PROGRAM NAN

DOUVAN PAWOL.....	4
I. FINALITE EDIKASYON AYISYEN AN.....	5
II. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI.....	6
III. MISYON ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI.....	6
IV. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI.....	7
V. FINALITE ANSÈYMAN KREYÒL.....	9
VI. OBJEKTIF JENERAL ANSÈYMAN LANG KREYÒL.....	10
VII. PROGRAM KAD	14
VIII. PROGRAM DETAYE (PREMYE ANE).....	23

DOKIMAN-PROGRAM **segondè** a revize sou responsablite Direksyon Ansèyman Segondè (DES) ak Komisyon Miltisektoryèl Enplantasyon Nouvo Segondè ; e se yon Komisyon espesyal ki òganize an SOU-KOMISYON plizyè disiplin ak espesyalite ki nan tout sektè nan edikasyon an, prive tankou piblik, ki ekri li. Men enstitisyon ak asosyasyon ki patisipe :

*Komisyon Miltisektoryèl Enplantasyon Nouvo Segondè *Enstiti Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl *Èd ak Aksyon, Ayiti *Kolèj Jilmis Jozèf *Kolèj LEO DEFAY * Inivèsite VALPAREZO *Asosyasyon Ayisyen Pwofesè Franse *Ministè Lajenès Espò ak Aksyon Sivik *Lekòl Nasyonal Dèza * Sant d Etid Segondè *Kolèj Kats Preswa * Kolèj Blèz Paskal *Nouvo Kolèj Bèd *Enstiti Sent Woz de Lima * Sant d Etid Ketnèl Vènè * Kolèj Wakim Etyèn *Inivèsite Kiskeya.

Enstiti Ayisyen Fòmasyon nan Syans Edikasyon (IHFOSED) asire ankadreman teknik ak metodolojik Sou-Komisyon elaborasyon an. Enstiti a bay apui lojistik li tou nan pwodiksyon dokiman sa a.

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) remèsye ak anpil senserite tout moun ki patisipe dirèkteman ou endirèkteman nan aboutisman gwo travay sa a.

Douvan pawòl

Suivan prensip nouvèl Politik edikatif nasyonal la, PWOGRAM PEDAGOJIK OPERASYONÈL sa a vize konsolide baz filozofik, sosyolojik, pedagojik ak sikolojik Edikasyon elèv yo pandan etid yo nan lekòl segondè, dapre karakteristik sa yo :

I. RANFÒSE sa elèv yo te aprann nan 3èm Sik Fondamantal la ;

II. NOUVO PWOFIL ELÈV la nan finisman etid li, prezante sou fòm finalite, bi ak objektif jeneral Edikasyon an ;

III. ESTRIKTI Lekòl Segondè ayisyen an ;

IV. PWOGRAM KAD DETAYE pou tout sik segondè a, pou chak ane ansèyman ak pou chak disiplin;

V. NOUVO ESTRATEJI ansèyman ak aprantisaj, pou travay elèv yo ak anseyan yo kapab pi bon ;

VI. PREPARASYON AK OUVÈTI sou nivo ki pi wo nan Lekòl Ayisyen an (Ansèyman siperyè ak inivèsitè).

Pwogram lekòl segondè a kòmanse yon nouvo etap nan evolisyon renovasyon sistèm edikatif ayisyen an. Nan fason li oryante, nan sa li gen ladan l' ak nouvo wòl li jwe nan pratik lekòl la, pwogram sa a se yon enstriman efikas pou promosyon demokrasi, aksyon sivik ak inite nasyonal la ; li fèt pou TOUT pitit peyi a.

I. Finalite Edikasyon Ayisyen an

Selon pwojè lwa Oryantasyon Edikasyon an ki fèt nan lane 1998 e ki depoze devan Palman an pou ratifikasyon :

- ❖ Edikasyon ayisyen an, ki baze tèt li sou yon filozofi ki kwè nan moun ak nan sa ki itil, se yon edikasyon nasyonal ki prezante idantite lòm ayisyen an. Li pèmèt moun yo vin moun toutbon nan dimansyon fizik, espòtif, afektif, entèlektyèl, atistik ak moral. Li fòme sitwayen responsab, ajan devlopman politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl pou peyi a. Li dwe fè pwomosyon idantite ak kilti nasyonal la. Li dwe tou ouvri tèt li sou valè inivèsèl, rejyonal oubyen karayibeyen, ak sou lòt kilti san li pa fè valè kiltirèl peyi a ditò.
- ❖ Edikasyon Ayisyen an gen pou misyon devlope konsyans nasyonal, sans responsablite ak espri kominotè lè li entegre nan kontni yo sa nou jwenn nan reyalite ayisyen an. Li se yon enstriman devlopman nasyonal nan kontribisyon li bay pou amelyorasyon anviwonman fizik ak sosyal ak pou pwogrè nan lavi sosyal ak ekonomik peyi a.
- ❖ Lekòl Ayisyen vize anvan tout bagay fè fòmasyon yon moun ki alafwa se yon sitwayen, yon pwodiktè ki kapab amelyore toutan kondisyon fizik natirèl yo, ki kapab kreye richès natirèl, epi kontribye nan fè pwomosyon valè kiltirèl, moral ak espartyèl. Lekòl Ayisyen an dwe anseye gwo valè nou jwenn nan tan modèn nan tankou respè dwa moun. Gras a nouvell fonksyon sa yo, Edikasyon Ayisyen an dwe bay tout timoun nan peyi a san distenksyon yon fòmasyon debaz solid, opòtinite fòmasyon espesyalize nan diferan nivo, epi bonjan posiblite pou yo reyisi nan devlope don yo genyen.

II. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI

Lekòl Ayisyen bay tèt li misyon pou li fè pwomosyon pou edikasyon tout pitit peyi a. Pou rezon sa a li gen objektif ki anba yo :

1. **Entegre lekòl ayisyen an nan tout nivo aktivite sosyo ekonomik nan peyi a ;**
2. Amelyore de fason kalitatif ansèyman ak renovasyon kontni yo ;
3. Fè pwomosyon idantite nasyonal ak valè kiltirèl.

III. MISION ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI

Lè nou konsidere finalite ak objektif general ki sot dekri nan paragraf anvan yo, ansèyman segondè ayisyen an bay tèt li twa misyon : yon misyon enstriksyon, yon misyon fòmasyon sou lavi sosyal ak yon misyon kalifikasyon.

3.1 Misyon enstriksyon

Mision sa a vize transmèt konesans kiltirèl oubyen savwa ki pèmèt sitwayen yo konnen anviwonman nasyonal ak entènasyonal la menm jan. Li kontribye tou pou li elaji ak konplete konesans ki te transmèt nan sik fundamental la nan domèn istorik, jewografik, literè ak syantifik. Nouvo Segondè a ap kontribye fè elèv yo jwenn enstriman, konsèp ak metòd referans ki soti nan avanse lasyans epòk nou an.

Mision enstriksyon sa a ap kontribye nan pwodui gason ak fi ki kapab sitiye tèt yo nan mond kontanporen an, ki gen detèminasyon e ki kapab evolye suivan mwayen ak sikonstans yo. Li ap devlope lakay yo lespri kritik kont tout fòm manipilasyon. Nan mond jodiya yon lespri fòme bezwen yon kilti jeneral solid ak posiblite pou ale lwen nan kèk matyè. Se pou pwogram yo favorize an menm tan de tandans sa yo lakay elèv yo.

3.2 Misyon fòmasyon a lavi sosyal

Misyon fòmasyon a lavi sosyal la entegre de dimansyon ki makònen youn ak lòt :

- Yon dimansyon fòmasyon sou lavi sivik nou kapab rele, pa rapò ak etap aktyèl evolisyon sosyete a : **konstriksyon demokrasi ak Eta de dwa an Ayiti** ; paske li vize fòmasyon gason ak fi ki kapab fonksyone tankou sitwayen ki sansib pou dwa yo ak devwa yo e ki kapab aplike règ jwèt demokratik la ;
- Yon dimansyon fòmasyon a laksyon famiyal k'ap prepare elèv yo pou yo viv an koup e pou yo pran responsablite paran yo.

3.3 Misyon kalifikasyon

Ansèyman segondè a okipe yon plas enpòtan nan sistèm eskolè a. Li chita ant ansèyman fondamantal (1^e ak 2^{èm} sik) ak ansèyman siperyè. Premye a obeye yon lojik inifikasyon; dezyèm nan, yon lojik espesyalizasyon. Ansèyman segondè a patisipe nan fòmasyon elèv yo yon manyè pou yo ka jwenn tipa tipa yon edikasyon divèsifye. Pou sa, ansèyman segondè a marye de eleman konstititif : **yon kote, yon kilti komen ke tout elèv ki ap prepare yon bakaloreya dwe genyen, yon lòt kote, plizyè kisis fòmasyon ki an relasyon ak gwo fanmi metye yo oubyen sektè aktivite.**

IV. OBJEKTIF AK PRENSIP JENERAL ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI

4.1 Objektif

Lè nou konsidere twa misyon ki te dekri anwo nan dokiman sa a, ansèyman segondè a dwe genyen objektif jeneral sa yo :

- Bay elèv yo yon bonjan fòmasyon jeneral, syantifik, teknik ak pwofesyonèl pandan n'ap transmèt yo savwa ki pèmèt yo konprann mond kontenporen an ;

- Devlope kay elèv yo atitid, aptitid ak konpòtman ki pèmèt yo vin tounen ajan chanjman, ajan devlopman ekonomik, sosyal ak kiltirèl pou peyi a, pwomotè demokrasi ak dwa moun ;
- Reyalize oryantasyon elèv yo ki dwe debouche nan finisman dezyèm ane segondè a sou plizyè filyè. Oryantasyon sa yo ap chita sou sa elèv yo ak paran yo swete ak sou kapasite elèv yo. Estrateji sa a vize diminye kantite elèv ki konn double klas, ak ogmante kantite elèv ki abitye reyisi. Rezilta egzamen ofisyèl yo pèmèt moun ki anndan sistèm nan evalye efikasite sistèm nan
- Prepare elèv yo, lè yo fini klas segondè yo, pou yo antre san pwoblèm sou mache travay la e pou yo antre nan ansèyman siperyè ak inivèsitè.

4.2 Prensip

Elaborasyon program segondè a bati selon prensip ki pral suiv yo, pou li ka reponn san mank ak objektif epi prensip ki te defini yo :

- a) Pwomosyon disiplin eskolè de baz yo ki kapab kontribye nan fòmasyon san mank elèv yo.
- b) Disiplin ki anseye yo dwe makònen fòmasyon ak travay.
- c) Kontni pwogram yo dwe travèse plizyè disiplin, nan òganize kourikouloum yo ozalantou kèk tèm santral, ak nan apwòch ki makònen anviwonman ekonomik, sosyal, teknik ak kiltirèl elèv yo, ak kèk estrikti lavi aktif la.
- d) Devlopman aprantisaj yo sou baz oryantasyon eskolè ak pwofesyonèl ap chita sou twa konpetans :

- Konpetans pou chak elèv devlope nan finisman lekòl segondè a;
- Sa paran yo swete ;

- Vrè bezwen mond pwofesyonèl la ak pèspektiv devlopman peyi a.

e) Chwa kontni ak metòd yo dwe estimile lakay elèv yo espri analiz, sentèz, evalyasyon ak jijman, aptitud pou yo fè rechèch ak pou yo kreye ; se kalite sa yo ki ap pèmèt yo entegre nan pwosesis pwodiksyon ak devlopman nasyonal la.

f) Kontni pedagojik yo dwe evite pawòl divizyon « travay manyèl/travay entèlektyèl », lè yo ap pèmèt plis ouvèti nan ansèyman chak disiplin gras a aplikasyon konesans yo e gras a devlopman aptitud yo.

g) Kourikoulòm nan dwe ofri menm chans aksè :

- yon kote, nan etid ak/oubyen fòmasyon siperyè
- yon lòt kote, sou mache travay la gras a yon fòmasyon teknolojik ak pwofesyonèl ki chita sou gwo aks metye ki genyen (Endistri, Jesyon, Agrikilti, Komès, etc...)

V. FINALITE ANSÈYMAN KREYÒL

Edikasyon ayisyen an, ki baze tèt li sou yon filozofi ki kwè nan moun ak nan sa ki itil, se yon edikasyon nasyonal ki prezante idantite lòm ayisyen an. Se pou rezon sa a ansèyman kreyòl nan Nouvo Segondè vize :

- Devlope kay elèv gou pou fè rechèch ki ap pèmèt yo dekouvri mekanis fonksyonman lang kreyòl la ;
- Pèmèt elèv yo itilize lè yo ap pale tankou lè yo ap ekri yon kreyòl ki anrasinen nan kilti pèp ayisyen an san yo pa melanje kreyòl la ak lòt lang ;
- Pèmèt itilizasyon lang kreyòl la nan sitiyasyon fòmèl pou pwomosyon l' ak entegrasyon l'.

- Fè pwomosyon kilti kreyòl ak valè ki makònen ak kilti sa a nan domèn tankou literati, teyat, mizik eks.
- Pèmèt elèv yo gen lespri yo ouvè sou lòt pèp ak kilti kreyòl ;

KIJAN ELÈV LA AP YE APRE 4 AN

Lè li fini suiv pwogram kreyòl la nan finisman katyèm ane segondè a, elèv la ap tounen :

- Yon Ayisyen oubyen Ayisyèn ki ap kapab rekonèt, transfòme ak pwodui alekri tankou aloral divès kalte tip tèks nan lang manman l'.
- Yon moun ki ap konnen pwoblèm entèferans ki genyen nan lavi toulejou ant kreyòl la ak lòt lang ki itilize nan sosyete ayisyen an.
- Yon moun ki ap konprann kèk gwo pwoblèm sosyal, ekonomik ak kiltirèl lang kreyòl la rankontre nan peyi a, karayib la ak nan lòt peyi entènasyonal.
- Yon Ayisyen oubyen Ayisyèn ki genyen yon fòmasyon debaz jeneral, teknik ak ekilibre ki ap pèmèt li abòde lòt disiplin yo avèk plis asirans.

VI. OJEKTIF JENERAL ANSÈYMAN LANG KREYÒL

Jan li defini nan pwogram sa a, ansèyman lang kreyòl la nan Nouvo Segondè a ap pèmèt elèv la eksprime panse li ak sa li santi, aloral tankou alekri, kèlkeswa seri elèv la chwazi a. Anplis l'ap pèmèt elèv la :

- Genyen lide jeneral sou istwa lang lan, sou pèsèpsyon moun ki pale lang lan gen sou li, sou plas kreyòl jwe nan inite pèp ayisyen ak sou plas lang sa a nan lemond antye.
- Kominike panse l' lè l'ap pale tankou lè l'ap ekri san pwoblèm, metrize kèk prensip analiz diferan tip tèks, konnen kèk nouvo mo nan chan metye ak teknoloji.
- Prezante yon evenman konplèks ak patisipe nan yon deba.
- Jwenn prese prese enfòmasyon nan yon tèks li sot li.

- Relve epi klase lide yon tèks pou l' fè sentèz tèks la.
- Ekri pou l' ka bay opinyon li sou nenpòt sijè.
- Patisipe de fason aktif nan yon deba.
- Reponn kesyon sou tèks yo pwopoze l'.
- Eksplike yon tèks li koute.

Filyè ansèyman jeneral

Objektif ansèyman kreyòl la nan premye ane

Ansèyman kreyòl nan premye ane segondè ap chita sou sa elèv la aprann nan twazyèm sik ansèyman fondamantal la. Ansèyman sa a ap baze l' sou vrè bezwen elèv la genyen nan kominikasyon. Se pou rezon sa a li vize pou elèv la :

- kapab aloral tankou alekri analize diferan pati ak fonksyon yon tèks, ak konnen valè tèks yo (moral, literè, estetik eks.)
- kapab mobilize tout resous entèlektyèl li pou li ka li, ekri, pale kreyòl san li pa melanje l' ak lòt lang.
- Konnen kèk rapò ki genyen ant lang li, kilti li ak sosyete li.
- Kòmanse inisyè l' nan literati ayisyen an kreyòl ak pou li kòmanse analize kèk gwo tèm nan literati sa a.
- Fè etid konpare plizyè kreyòl ak metrize kèk prensip rechèch.

Objektif ansèyman kreyòl nan dezyèm ane

Ansèyman kreyòl nan dezyèm ane segondè ap kontinye sa elèv la te aprann nan premye ane. Klas dezyèm ane a se yon klas detèminan pou elèv la paske se li ki pèmèt elèv la gen konesans ak abilte ki nesesè li ap bezwen nan lòt ane k'ap vini yo. Pou rezon sa yo ansèyman kreyòl nan dezyèm ane vize pou elèv la :

- Kapab fè etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl la nan sosyete ayisyen an.
- Ogmante kapasite konpreyansyon l' ak pwodiksyon l' nan lang kreyòl la.
- Metrize pi byen kominikasyon oral, ekri ak kominikasyon pa jès.
- Metrize kèk prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks.
- Aprann ak aplike kèk prensip debaz nan tradiksyon.

Objektif ansèyman kreyòl nan twazyèm ak katyèm ane segondè

• Seri literè ak atistik

Ansèyman kreyòl nan seri atistik ak literè dwe pèmèt elèv la kontinye fè etid ak refleksyon sou lang kreyòl la nan sosyete ayisyen an. Li ap pèmèt aprenan an konnen otè tankou womansye, nouvelis, powèt, dramatik, lodyansè ayisyen tankou etranje ki ekri an kreyòl. Pwofesè a ap mete anpil aksan sou tèms ki enterese elèv yo e li ap itilize tout dokiman literè ki ekri an kreyòl.

Pwofesè a ap itilize yon vokabilè ki adapte ak sijè tankou kilti kreyòl, literati, edikasyon, pwezi, fòklò, mizik, lodyans eks.

• Seri syans ekonomik ak sosyal

Ansèyman kreyòl nan seri syans ekonomik ak sosyal dwe pèmèt elèv la abòde san pwoblèm sijè ki gen rapò ak ekonomi, finans ak sosyete. Anseyan an ap mete aksan sou tèms ki gen rapò ak mondyalizasyon, komès lokal, nasyon, entènasyon, devlopman ekonomik, kominotè eks. Li ap ede elèv yo mennen ankèt nan sektè ki gen rapò ak domèn sa yo, pou yo ka metrize vokabilè komèsyal ki itilize nan kreyòl la.

- **Seri syans eksperimental**

Seri syans eksperimental la fèt pou elèv ki anvizaje fè etid inivèsitè, syantifik nan domèn tankou Medsin, Fizik, Chimi, Byoloji. Kou ki nan seri sa a diferan de lòt seri yo paske yo mande plis efò entèlektyèl, e paske matyè a pi rich. Kou sa yo mande pou elèv la plis konsantre e pou l gen plis atansyon.

Ansèyman kreyòl nan seri Syans Eksperimental dwe pèmèt elèv la abòde ak fasilite sijè ki gen rapò ak Medsin, Byoloji, Chimi ak Fizik.

Anseyan an ap pèmèt elèv la fè ankèt pou l' ka konpare mo kreyolofòn yo itilize nan domèn nou site yo.

- **Seri syantifik**

Seri syantifik la fèt pou elèv ki prevwa fè etid inivèsitè ki gen anpil matematik. Li diferan de seri Syans Eksperimental la paske li mande plis efò mantal e paske li gen yon pwogram jeyometri ki pi konplè.

Ansèyman kreyòl nan seri syantifik la ap bay elèv la opòtinite pou li abòde a pati dokiman ekri, sonò ak ikonografik domèn syantifik ki kouvri yon pakèt matyè.

Filyè ansèyman teknolojik

- ***Objektif « seri pedagojik » la***

Seri sa a gen pou misyon pou l' fòme pandan 4 an mèt polivalan pou de premye sik lekòl fondamantal la. Fòmasyon elèv sa yo resevwa pandan de premye sik ansèyman fondamantal la se menm bagay ak sa elèv ki nan filyè jeneral la resevwa. Fòmasyon sa a ap konplete kilti jeneral yo. Sepandan, fòk anseyan fè yon jan pou ansèyman sa yo fèt ak transmèt nan yon atmosfè ki preske pwofesyonèl. Nan kondisyon sa a korije erè se yon bonjan egzèsis nan fòmasyon didaktik elèv-mèt sa yo.

- ***Objektif seri Syans ak Teknik endistriyèl, tèsyè, agrikòl, mediko-sosyal***

Nan lide pou reponn objektif peyi a genyen pou li fòme yon gwo kantite teknisyen, enjenyè ak pwofesè ki gen fòmasyon syantifik ak teknolojik solid, gen seri teknolojik ki kreye nan filyè endistriyèl, tèsyè, agrikòl ak mediko-sosyal. Fòmasyon elèv nan seri sa yo dwe pèmèt elèv la pou li gen konesans ak abilte ki nesèsè pou espesyalite li chwazi yo.

VII. PROGRAM KAD

**PROGRAM - KAD
SEGONDÈ JENERAL AK TEKNOLOJIK
DISIPLIN : KREYÒL**

1^e Ane	2èm Ane	3èm Ane	4èm Ane
I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti
<p>Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jenèz kreyòl la • Fenomèn kreyolizasyon • Peyi kote yo pale kreyòl • Kòman moun ki pale kreyòl wè evolisyon lang lan nan mitan lòt lang nan sosyete ayisyen an 	<p>Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyen an • Entèferans Kreyòl/franse • Entèferans Kreyòl/angle • Entèferans Kreyòl/panyòl • Varyasyon nan kreyòl la (anndan lang lan) • Pwoblèm asimilasyon 	<p>Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an</p> <ul style="list-style-type: none"> • Entèferans Kreyòl/franse • Leksikal • Semantik • Sentaksik • Varyasyon rejyonal • Pwoblèm asimilasyon • Kreyòl pale / kreyòl ekri • Rejis lang 	<p>Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an</p> <ul style="list-style-type: none"> • Varyasyon sosyal Kreyòl /franse • Ipèkoreksyon Kreyòl /franse • Franse/ Kreyòl <p>Sitiyasyon lang kreyòl nan anpil domèn</p>

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
II. - Kominikasyon	II. - Kominikasyon	II.- Kominikasyon	II. - Kominikasyon
2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon
<p>a) kominikasyon pale ak ekri</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. <p>b) Kominikasyon ki san pale ekri :</p> <p>Mim, ekspresyon kò, jès, dramatisasyon, pwozodi.</p> <p>c) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a</p> <p>d) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm.</p> <p>e) Etid plizyè chema kominikasyon</p>	<p>a) kominikasyon pale ak ekri</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. <p>a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatisasyon, pwozodi.</p> <p>b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a</p> <p>c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm.</p> <p>e) Etid chema kominikasyon ak fonksyon langaj</p>	<p>a) kominikasyon pale ak ekri</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. <p>a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatisasyon, pwozodi.</p> <p>b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a</p> <p>c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm.</p> <p>e) Etid plizyè chema kominikasyon</p>	<p>a) kominikasyon pale ak ekri</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. <p>a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatisasyon, pwozodi.</p> <p>b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a</p> <p>c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm.</p> <p>d) Revizyon fonksyon langaj yo</p>

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri
<p>a) Idantifikasyon diferan tip tèks</p> <ul style="list-style-type: none"> Lekti efikas ak metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks Tipoloji lekti : Efikas, aktif, an silans, ekspresif, fonksyonel. Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo. 	<p>Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks</p> <p>a) Estrateji lekti</p> <p>b) Analiz diferan tip tèks Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> Dekouvri entansyon otè a, figi estil, valè ak pwogresyon pa tèm. <p>c) Sentèz diferan tip tèks</p> <ul style="list-style-type: none"> Rezime, plan, tablo ki rezime, fich ki rezime plizyè tèks ou te li. 	<p>Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks</p> <p>a) Estrateji lekti</p> <p>b) Analiz diferan tip tèks Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> Chèche ilustrasyon <p>c) Sentèz diferan tip tèks : Rezime, plan, tablo ki rezime, fich ki rezime plizyè tèks ou te li.</p> <p>d) Inisyasyon a lekti imaj (inik ak senbolik)</p>	<p>Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks</p> <p>a) Analiz plizyè tèks an menm tan</p> <ul style="list-style-type: none"> Presizyon sou konplemantarite de tèks ki parèt depaman Fè de lide opoze tounen youn Analiz bann desine (liv ti komik) Lekti imaj senbolik

1^e Ane	2^{èm} Ane	3^{èm} Ane	4^{èm} Ane
2.3 Leksik	2.3 Leksik	2.3 Leksik	2.3 Leksik
Divès manyè ou aprann mo a) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl b) Chan leksikal <ul style="list-style-type: none"> • Fanmi mo • Antonimi • Omonimi • Sinonimi • Paronimi c) Fòm mo : prefiksasyon, Sifiksasyon, enfiksasyon ; mo prete.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki gen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl, syantifik. c) Chan leksikal, chan semantik. d) Ankèt pou tabli vokabilè kèk metye ak domèn teknolojik e) Kreyasyon mo : neyolojis, mòfoloji, mo prete, derivasyon, afiksasyon.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki gen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl, syantifik, premye eleman leksik literè. c) Chan leksikal, chan semantik. d) Kreyasyon mo : mòfoloji, neyoloji, mo prete, derivasyon, afiksasyon.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki gen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Kreyasyon mo : mo konpoze, afiksasyon, neyoloji, mo prete eks. c) Ankèt pou tabli vokabilè kèk metye ak domèn teknolojik d) Chan leksikal, chan semantik

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri
<p>a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks</p> <p>c) Tip ekri :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Divès kalite korespondans • Dyalòg • Pran nòt <p>2.5 Òtograf Aprofondisman sa ki te aprann sou Alfabè Fonetik entènasyonal</p>	<p>a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tèks naratif : resi. • Tèks deskriptif : deskripsyon, pòtre. <p>b) Lòt tip tèks : Enjonktif, agimantatif.</p> <p>c) Tip ekri :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Korespondans administratif • Dyalòg • Rapò • Lèt • Kourikouloum vite • Rezime <p>2.5 Òtograf</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontraksyon : kontraksyon senp e kontraksyon semantik • Òtograf mo konpoze 	<p>a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tèks naratif : resi. • Tèks deskriptif : deskripsyon, pòtre. <p>b) Lòt tip tèks :</p> <ul style="list-style-type: none"> • agimantatif <p>d) Tip ekri :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Korespondans administratif • Kontrandi • Pozoloji • Mòd anplwa • Afich • Kourikouloum vite • Rezime ak Sentèz <p>2.5 Òtograf</p> <ul style="list-style-type: none"> • Istwa grafi kreyòl la • Analiz konpare ansyen ak nouvo grafi kreyòl ayisyen 	<p>a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tèks naratif • Tèks deskriptif <p>b) Lòt tip tèks :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Agimantatif • Enfòmatif • Enjonktif <p>d) Tip ekri</p> <ul style="list-style-type: none"> • Korespondans administratif • Rezime • Pozoloji/Mòd anplwa • Afich • Kourikouloum vite • Sentèz <p>2.5 Òtograf</p> <ul style="list-style-type: none"> • Analiz konpare ansyen ak nouvo grafi kreyòl ayisyen an

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.6 Gramè	2.6 Gramè	2.6 Gramè	2.6 Gramè
<p>a) Etid ak pwodiksyon tip fraz :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Etid fraz senp • Diferan estrikti fraz senp SVO • Transfòmasyon fraz senp : <p>Tip obligatwa/fakiltatif</p> <p>b) Etid fraz konplèks</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kowòdinasyon • Sibòdinasyon • Ekspresyon : Koz, konsekans, bi. <p>c) Figi retorik ak gramè : antonimi, homonimi, paronimi, sinonimi.</p> <p>d) Analiz diskou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tip diskou <p>Dirèk/endirèk</p>	<p>a) Etid ak pwodiksyon fraz</p> <p>b) Etid fraz konplèks :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kondisyon, konsesyon, tan. • Etid fraz ki gen plizyè predika • Analiz ak reprezantasyon fraz senp • Predika ak vèb nan kreyòl ayisyen <p>c) Figi retorik ak gramè : akronimi, olonimi/meronimi, metonimi, otonimi.</p> <p>d) Analiz kontrastiv (leksik) franse/kreyòl (sentaks)</p> <p>e) Tan ak aspè nan fraz kreyòl</p> <p>f) Analiz diskou</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tip diskou <p>Endirèk lib/narativize</p>	<p>a) Etid fraz konplèks :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kondisyon • Konparezon • Pwopzisyon mik : kondisyon/konparezon • Etid fraz ki gen plizyè predika • Vèb seriyèl <p>b) Etid monèm fonksyonèl : se, nan, pa, eks.</p> <p>c) Etid inite ki estriktire espas ak tan : devan, dèyè, anba, sou, anlè, anwo, jodi, demen, eks.</p> <p>d) Konektè lojik</p> <p>e) Tan ak aspè</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekspresyon tan : prezan, pase, kondisyonèl, fiti. <p>f) Figi retorik ak gramè : Ipèronimi, iponimi, pantonimi, retwonimi, toponimi.</p>	<p>a) Etid fraz konplèks</p> <p>b) Nwayo fraz e ekspresyon tan ak aspè</p> <p>c) Pwonon</p> <p>d) Etid fraz ki gen plizyè predika</p> <ul style="list-style-type: none"> • Aprofondisman predikasyon nominal, vèbal, adjektival eks. <p>e) Ekspresyon anfas</p> <p>f) Figi retorik ak gramè :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konparezon • Metafò • Alegori • Anafò • Anagram • Aliterasyon • Asonans

1^e Ane	2^{èm} Ane	3^{èm} Ane	4^{èm} Ane
2.7 Traduction	2.7 Traduction	2.7 Traduction	2.7 Traduction
a) Gran prensip tradiksyon b) Teknik tradiksyon <ul style="list-style-type: none"> • Metriz estrikti gramatikal lang an prezans yo (kote yo rankontre ak kote yo pa rankontre) c) Tradiksyon (blag, paragraf, teks)	a) Aplikasyon gran prensip tradiksyon b) Tradiksyon tèks tankou : konsiy, mòd anplwa, ka, afich, eks.	a) Aplikasyon gran prensip tradiksyon b) Tradiksyon tèks tankou : konsiy, mod anplwa, tèks naratif, tèks deskriptif, dyalòg, kont, blag.	a) Aplikasyon gran prensip tradiksyon b) Tradiksyon tèks agimantatif, enjonktif, provèb, dokiman ofisyèl, tèks deskriptif, naratif, enjonktif, eks...

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
III.- Literati ayisyen an kreyòl	III.- Literati ayisyen an kreyòl	III.-Literati ayisyen an kreyòl	III.- Literati ayisyen an kreyòl
<ul style="list-style-type: none"> • Pakou kèk konsèp nan literati • Prensip kòmantè literè • Etid jan literè • Istwa tèks kreyòl • Tèks ansyen ki gen divès jan • Tèks literati oral : teyat, fab, blag ; tèks didaktik, dramatik, lirik, komik, ekriti epistolè ak lòt tèks ankò. • Pwodiksyon kèk tip tèks ki gen karaktè literè • Etid pa tèm kèk èv literè 	<ul style="list-style-type: none"> • Prensip kòmantè literè • Teknik disètasyon literè • Tèks ansyen ki gen divès jan • Tèks literati oral : teyat, fab,blag ; tèks didaktik, dramatik, lirik, komik, ekriti epistolè ak lòt tèks ankò. • Pwodiksyon kèk tip tèks ki gen karaktè literè • Etid pa tèm kèk èv literè 	<ul style="list-style-type: none"> • Aplikasyon prensip kòmantè literè • Aplikasyon teknik disètasyon literè • Etid jan literè : <ul style="list-style-type: none"> • Tèks ansyen ki gen divès jan • Tèks literati oral : teyat, fab,blag ; tèks didaktik, dramatik, lirik, komik, ekriti epistolè ak lòt tèks ankò. • Pwodiksyon kèk tip tèks ki gen karaktè literè • Etid pa tèm kèk èv literè • Pwodiksyon kèk tip tèks ki gen karaktè literè • Etid pa tèm kèk èv literè 	<ul style="list-style-type: none"> • Aplikasyon prensip kòmantè literè • Aplikasyon teknik disètasyon literè • Pwodiksyon kèk tip tèks literè • Etid pa tèm kèk èv literè

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
IV.- Etid konpare plizyè kreyòl	IV.- Etid konpare plizyè kreyòl	IV.- Etid konpare plizyè kreyòl	IV.- Etid konpare plizyè kreyòl
<ul style="list-style-type: none"> • Lekti ak konparezon tèks plizyè kreyòl diferan (ayisyen, matiniè, gwadloupeyen) • Konparezon kèk eleman leksikal 	<ul style="list-style-type: none"> • Konparezon detèminan • Konparezon mak aspè ak tan • Konparezon eleman leksikal 	<ul style="list-style-type: none"> • Konparezon detèminan • Konparezon mak aspè ak tan • Konparezon eleman leksikal 	<ul style="list-style-type: none"> • Konparezon detèminan • Konparezon mak aspè ak tan • Konparezon eleman leksikal

V.- Teknik rechèch	V.- Teknik rechèch	V.- Teknik rechèch	V.- Teknik rechèch
<ul style="list-style-type: none"> • Rechèch dokimantè • Sous enfòmasyon • Depouyman yon liv • Pran nòt • Fich lekti • Endikasyon yon referans bibliyografik 	<ul style="list-style-type: none"> • Elaborasyon yon kesyonè • Ankèt pou bezwen fich teknolojik • Fòmilè 	<ul style="list-style-type: none"> • Elaborasyon yon kesyonè • Antretyen • Ankèt pou bezwen filyè teknolojik yo • Fòmilè 	<ul style="list-style-type: none"> • Elaborasyon yon kesyonè • Antretyen • Ankèt pou bezwen filyè teknolojik yo • Fòmilè

**VIII. PROGRAM DETAYE
PREMYE ANE**

Koutje sou pwogram nan

Lang ak sosyete ann Ayiti

Kominikasyon oral

Kominikasyon ekri : Ekriti

Gramè fraz / Gramè tèks

Kominikasyon ekri : Lekt

Kilti kreyòl : Literati

Konpetans

- 1. Dekouvri evolisyon kilti ayisyen an depi tan lontan jouk kounye a nan fason yo reprezante lemonn ak itilize langaj kreyòl la sou plan estetik e semantik*
- 2. Dekouvri relasyon kiltirèl literati kreyòl la genyen ak lòt literati.*

3. Chèche nan ki kouran ou ka mete yon otè oubyen yon zèv.

4. Dékouvri relasyon ki genyen ant oralite ak literati.

5. Dekouvri relasyon kiltirèl literati kreyòl la ann Ayati genyen ak kometi ayisyen nan dyaspora a.

KOMINIKASYON
KOMINIKASYON ORAL : KOUTE/PALE

Konpetans	Konesans nesese	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1 Demontre kapasite pou pale e pou koute nan nenpòt ki sityasyon kominikasyon*.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jwenn prensipal enfòmasyon nan yon mesaj ou koute. • Jwenn nan ki lòd sekans yo prezante nan yon istwa ou koute. • Idantifye rejis lang, pawòl andaki ki genyen nan yon mesaj oral. • Chwazi rejis* lang ki koresponn ak sityasyon kominikasyon an. 	<ul style="list-style-type: none"> • Divès kalte entansyon kominikasyon : • enfòmè • konvenk • divèti • Rezime yon mesaj • chema naratif *istwa : • eta inisyal • evenman gatesa • divès peripesi • eta final • Divès kalte rejis: • kouran, soutni, familye • (leksik*, sentaks*, mak politès ki nan chak rejis anpatikilye) 	<ul style="list-style-type: none"> • Prezante bay elèv yo divès kalte sityasyon kominikasyon tankou nouvell nan radyo osinon televizyon, piblisite, blog. • Aprann yo dekouvri entansyon ki deyè chak tip kominikasyon selon vokabilè ak fraz ki ladan yo. • Sèvi ak dokiman odyo ki reyèl pou fè yo distenge divès kalte rejis lang. • Abitye yo fini yon istwa yo tandè yon bon pati ladan l. 	<ul style="list-style-type: none"> • Anseyan yo dwe dispoze nan klas la yon tep oubyen nenpòt lòt aparèy ki ka pèmèt li fè elèv yo koute e reyaji sou sa yo tandè. • Ede elèv yo konprann sa yo rele rejis lang. • Fè yo pratike divès kalte rejis apati divès sityasyon, kominikasyon.

* W'ap jwenn sans tout mo ki gen ti zetwal sa a bò kote yo nan yon glosè ki nan dènye paj pwogram nan.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1.1 Demontre ou vle yon kominikasyon efikas nan respè youn pou lòt.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran bonjan dispozisyon pou tout moun ka koute byen : pale dousman, repete, keksyonè, redi yon menm bagay ak lòt mo... • Itilize bèl pawòl ak bèl jès ki montre respè youn pou lòt : koutwazi, pa koupe pawòl nan bouch lòt, ba chak moun tan pou l pale, pa ennève, pa antre nan vi prive lòt, pa leve vwa. 	<ul style="list-style-type: none"> • Ton vwa • Jès • Règ pou pran lapawòl • Repetisyon • Konn poze kesyon • Refòmilyasyon lide ak pwòp mo pa w. • Koutwazi • Tan pawòl chak moun • Tou pawòl chak patisipan • Limit kominikasyon an nan vi prive lòt • Valè entonasyon nan kominikasyon 	<ul style="list-style-type: none"> • Egzèse an prezans lòt moun, oubyen sèvi ak tep, oubyen yon aparey anrejistremman pou aprann ajiste kominikasyon e kenbe enterè destinatè a. • Bay konsiy, règ ak kantite tan ki ta dwe itilize nan yon kominikasyon ant plizyè moun. 	<ul style="list-style-type: none"> • Sansibilizasyon nan premye lane. • Aprantisaj sitou nan dezyèm lane.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1.2 Devlope kapasite pou patisipe nan divès sityasyon kominikasyon. Gade byen règ ki tabli nan chak sityasyon kominikasyon e wòl chak patisipan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Nan yon ekspoze • Nan yon deba • Nan yon istwa oral (temwayaj, eksperyans pèsònèl) • Nan entèpretasyon tankou nan lekti (powèm, pyèsteyat, tèks literè) • Nan kontrandi (apre yon vizit moniman, mize, elatrye, lè w fin gade yon video, apre yon rechèch) • Nan tire kont 	<ul style="list-style-type: none"> • Chema kominikasyon: emetè*, reseptè*, mesaj. • Idantifikasyon sityasyon kominikasyon ki plis sèvi nan lavi yon moun, lekòl ak sosyete. • Idantifikasyon e respè règ ki tabli nan chak sityasyon kominikasyon e wòl chak patisipan. 	<ul style="list-style-type: none"> • Rasanble enfòmasyon ki nesèsè pou patisipe nan yon sityasyon kominikasyon. • Òganize enfòmasyon yo selon sityasyon kominikasyon an. • Prepare plan ki ka sèvi pou prezante kominikasyon nan respè règ ki tabli nan chak sityasyon kominikasyon. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pwogresyon ki gen rapò ak konesans pou byen metrize divès kalte kominikasyon dwe fèt pa etap pandan tout lekòl segondè a. • Kominikasyon oral sa yo dwe prepare. Elèv dwe aprann firanmezi pale san yo pa gade nòt yo jiskaske yo rive pale san papyè. Menm jan tou se pou yo aprann pale pi plis lè yo kòmanse ap maton nan kominikasyon oral.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1.3 Pwodui divès kalte diskou oral.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Esprime opinyon, santiman sou yon evènman • Kominike yon enfòmasyon • Bay agiman e konprann kouman yo prepare divès kalite agiman. 	<ul style="list-style-type: none"> • Distenksyon fè reyèl / opinyon • Kritik (pozitif / negatif) • Prezantasyon yon opinyon ak tout egzanp • Distenge tèz* / agiman* • Kouman prezante yon agiman : lide, devlopman, egzanp. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pwopoze elèv yo divès kalte sitiyasyon kominikasyon kote yo genyen oswa pou yo bay opinyon yo, oswa pou yo enfòme, oswa pou yo agimante. • Bay chak elèv nan klas la okazyon pou li pran lapa wòl e ede li dekouvri patikilarite diskou oral li pwodui a. 	<ul style="list-style-type: none"> • Nan premye lane segondè a, antrene elèv yo pazapa pou yo kapab reyalize yon senp opinyon jiska devlope yon agimantasyon. • Yo sipoze vin pi maton nan bay agiman ki fò nan dènye klas segondè yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1.4 Metrize tout kalite zouti lang nan dispoze pou fè yon kominikasyon oral byen makònen, san depaman.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Bati yon plan (mete nan lòd enfòmasyon ou chwazi pou bay yo). • Tabli rapò lojik nan lide yo • Aprann byen sèvi ak konekte yo. • Itilize ak anpil ladrès pwogresyon tematik • Sèvi korèkteman ak pwonon, detèminan demonstratif e posesif kòm anafò. • Sèvi ak mo tankou ak espresyon ki koresponn ak kalite lang ou dwe itilize e ki di ak anpil presizyon sa ou vle di a. • Respekte règ sentaks* lang nan. 	<ul style="list-style-type: none"> • Progresyon, ranje lide yo nan lòd. • Sèvi ak lòd evenman yo (kronoloji) • Konekte* lojik, espas ak tan • Pwogresyon tematik*. • Repriz ak anafò* (sèvi ak lòt mo ki ka jwe menm wòl la pou evite repetisyon). • Leksik ki ale ak sitiyasyon kominikasyon an. • Sentaks* diskou oral. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pwofite de chak sitiyasyon kominikasyon pou etidye gramè oral lang kreyòl la. • Montre elèv yo diferans ki genyen ant lang oral ak lang ekri. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kòmanse sansibilize elèv yo nan premye lane. • Fè aprantisay yo sitou nan dezyèm lane.

*

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1.5 Sèvi ak mwayen ki ka pèmèt ou fè konprann mesaj san ou pa bezwen pale.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran konsyans de tout sa kò w kapab fè pou byen sèvi ak li lè w ap kominike. • Sèvi ak anpil ladrès ak tout sa ki ka ede kòm sipò nan kominikasyon oral (desen, imaj, chema, elatriye). 	<ul style="list-style-type: none"> • Respirasyon, pòz nan vwa, byen pwononse, jès ak atitud, fason pou gade. • Byen chwazi sipò ki ale ak entansyon kominikasyon. • Kòmantè apati sipò vizyèl. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pwopoze elèv yo kèk egzèsis ki ka pèmèt yo kontwole souf yo. • Aprann yo sèvi ak kò yo e fè yo pran konsyans kouman yo ka kominike bèl mesaj san yo pa bezwen louvri bouch yo pou yo di yon mo. • Aprann yo prepare divès kalte sipò vizyèl (afich, desen, videyo, tablo, grafik, ets.) ki ka ede yo pi maton nan kominikasyon oral. 	<ul style="list-style-type: none"> • Travay konpetans sa a nan sityasyon kominikasyon ki reyèl. • Mande elèv yo pou yo kominike kèk mesaj ak je yo, tèt yo zepòl yo, elatriye, san yo pa pale. • Mande elkèw yo pou yo fè kòmantè sou imaj ki ka genyen plizyè siyifikasyon.

SITIYASYON KOMINIKASYON ORAL POU TRAVAY NAN PREMÈ LANE SEGONDÈ

Pou abòde osinon pou kapab atenn konpetans yo, pwogram nan pwopoze pou bay sityasyon kominikasyon ki nan 3 pwochen paj yo priyorite :

Ekspoze/kontrandi

Konpetans	Konesans nesèsè
<p>Koute : 🦻</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran nòt esansyèl yon ekspoze ki kout e byen prezante. • Pran nòt pandan w ap fè yon vizit (mize, lopital, ...) • Reponn kesyon (louvri osinon fèmen) sou konpreyansyon yon ekspoze. • Reprann oralman oubyen kopye sou kaye w yon ekspoze ou te koute san w pa pran nòt. • Dekouvri entèvansyon pèsònèl moun k ap pale a nan mesaj la (san patipri, kritik). 	<ul style="list-style-type: none"> - Ekriti abreje, senbòl, nominalizasyon. - Aranjman tèks : (rezime- kòmansman, rapò ant divès pati yo, pòz, rezime- konklizyon) - Rekonèt tèm ak soutèm - Ton, wotèvwa, jès, mimik (imitasyon san pawòl)
<p>Pale : 🗣️</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pale ant 5 a 10 minit devan pwofesè w ak elèv ki nan klas la sou yon sijè ou mete w dakò ak pwofesè a. • Pa kite je w sou nòt yo pouw kab pale san papyè. • Pou retni atansyon oditè yo, pale pawòl dapre nivo yo e montre w enterese ak mesaj w ap kominike a. 	<ul style="list-style-type: none"> ○ Adaptasyon rejis lang lan. ○ Anons plan an ak konklizyon an. ○ Konnen itilize èdmemwa. ○ Diminasyon kantite enfòmasyon apati repetisyon motamo oswa ak pwòp mo pa w. ○ Eleman ki fasilite chita tandè: egzanp, bonjan eksplikasyon, blag, desen, imaj, afich, dokimantasyon. ○ Ton, wotè vwa, jès, mimik, adrese oditwa a lapawòl.

Deba/Reyinyon

Konpetans	Konesans nesèsè
<p>Koute : 📻</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri gran pwen yon reyinyon, yon deba (nan radyo, televizyon ak nan klas). • Dekouvri tèz yon entèvenan ak tout agiman li yo. • Jije si yon entèvenan dakò avèk yon lòt. Remake fason li montre akò li ou dezakò li. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pran lapawòl. • Distinge tèz / agiman • Pawòl osinon jès ki montre dakò, dezakò oubyen rezèv. • Rejis lang.
<p>Pale : 🗣️</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chwazi moman ki pi bon pou entèvni e mande animatè a lapawòl • Makònen diskou ou la ak sa ki fèk di anvan an. • Kritike mesaj yon lòt san vyolans ni patipri. • Redi menm mesaj la nan lòt mo si yo pat byen konprann li. • Respekte tan ou genyen pou pale. 	<ul style="list-style-type: none"> • Pran lapawòl • Redi sa w tande nan lòt mo, montre kote ki gen akò yo ak kote ki pa genyen, fè siy pou montre ke wap chanje, fè sonje yon prensip. • Montre politès lè wap pale tankou lè w pap pale.

Istwa oral

Konpetans	Konesans nesèsè
<p>Koute : 🗣️</p> <ul style="list-style-type: none"> • Rakonte yon istwa kout (kont, blag, elatriye) pandan 5 a 10 minit devan pwofesè ak elèv ki nan klas la. • Mete tout ou menm nan sa w ap di a pou li ka espresif. • Presize sikonstans istwa a. • Byen sèvi ak chema naratif la. 	<ul style="list-style-type: none"> • Ton, wotè, vwa, jès pale ak oditwa a. • Sitiyasyon inisyal ki debite istwa a : kilès? Ki kote? Ki lè? Ki sa? • Chema naratif *.
<p>Pale : 🗣️</p> <p>LEKTI ESPRESIF JISKA ESPRESYON TEYATRAL</p> <p style="text-align: center;"><u>Konpetans</u></p> <ul style="list-style-type: none"> • Di yon teks, yon powèm, li yo oubyen resite yo pakè. • Jwe wòl yon pèsonaj nan yon pyès teyat. • Mete tout ou menm nan fason li pale e nan fason li jwe. • Okipe espas ki disponib lan san ou pa jennen oditwa a. 	<p style="text-align: center;"><u>Konesans Nesese</u></p> <ul style="list-style-type: none"> • Fason pou aprann pakè. • Byen chwazi yon wòl. • Vitès ak volim vwa, entonasyon, respirasyon. • Itilizasyon kò ak jès. • Okipasyon espas la: depasman, pozisyon devan piblik la.

PWOFIL ELÈV PREMYE ANE SEGONDÈ KÒM LOKITÈ

1. KARAKTERISTIK SITYASYON KOMINIKASYON ORAL NAN YON EVALYASYON SOMATIF

1.1 S *ityasyon kominikasyon an dwe presize pou elèv la eleman sa yo :*

- yon entansyon kominikasyon;
- yon tèm osinon yon chwa pami plizyè tèm ;
- tip pratik kominikasyon oral (diskisyon, deba, ekspoze, kontrandi, istwa oral, pyès teyat, elatriye)

1.2 Konsiy yo dwe presize tou:

- Moman ak dire kominikasyon an;
- Resous ki otorize pou itilize.

2. KARAKTERISTIK DISKOU ELÈV LA NAN KAD EVALYASYON AN

2.1 *Adapte pou sityasyon kominikasyon an* *Diskou elèv la adapte si li respekte eleman sa yo*

- ❖ Enfòmasyon li transmèt yo pèmèt :
 - aprofondi, nyanse, ilistre ou jistifye opinyon li sou yon èv literè li prezante ;

- eksplike yon afimasyon, yon reyalite, oubyen yon fenomèn
- defann yon prendvi.

- ❖ Enfòmasyon yo pran ankonsiderasyon karakteristik destinatè a ak tout reyaksyon li
- ❖ Diskou elèv la pwovoke enterè destinatè a :

- Pou fason li chwazi mo ak fraz li yo ;
- Pou eleman san pawòl li chwazi pou kominikasyon an (entonasyon, vitès, volim, jès, dikiman sipò)

2.2 *Koyeran*

Diskou elèv yo koyeran si destinatè a ka suiv san difikilte pwogresyon diskisyon, deba, kontrandi, ekspoze a :

- eleman nesesè pou pèmèt konpreyansyon yo la ;
- li byen soutni pwendvi li yo ;
- rejis lang lan annakò ak egjizans sityasyon kominikasyon an.

KOMINIKASYON EKRI : LEKTI

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>2 Dirije lekti w dapre sans sitiyasyon kominikasyon an e pwojè lekti ou gen nan tèt ou.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Analize sityasyon lekti a. • Mete w nan pozisyon yon lektè enpi abòde tèks la. • Bay tèt ou yon pwojè : lekti pou chèche yon ransèyman, pou fè yon rezime, pou mennen yon aksyon, pou eksplike, pou jwi bèlte lang kreyòl la, pou chèche agiman, pou tabli yon dokimantasyon sou yon sijè • Evalye konesans ou sou otè tèks ou gen pou li a : sanble tout enfòmasyon sou vi l, sou liv li ekri, chèche enfòmasyon si ou manke. • Gade tit, soutit, paj kouvèti, tout enfòmasyon ki ka ede w rekonèt ki jan ak ki tip tèks la ye. 	<ul style="list-style-type: none"> • sityasyon kominikasyon nan divès kalte tèks • konesans pou yon lektè genyen (konesans monn nan, karakteristik lang lan dapre kalte tèks yo. • pwòjè lekti • entansyon kominikasyon • kontèks pwodiksyon • kontèks narasyon • byografi ekriyen / otè • enfòmasyon ki genyen nan paratèks (tit, soutit, desen, imaj, paj kouvèti, elatriye). 	<ul style="list-style-type: none"> • abitye elèv yo poze kesyon sou sitiyasyon kominikasyon yo jwenn nan tèks yo gen pou li. • pèmèt yo fè anpil pratik lekti sou divès kalte tèks. • ankouraje elèv yo fè ti rechèch tou kout sou yon ekriyen, yon otè tèks yo gen pou li. • montre yo enpòtans enfòmasyon ki alantou yon tèks (tit, soutit, ekriti (gwo, piti), desen, imaj elatriye). 	<ul style="list-style-type: none"> • li enpòtan pou anseyan pèmèt elèv yo byen debute sou pwen sa yo : dekouvri sitiyasyon ki nan divès kalte tèks, genyen yon pwojè lektim elatriye. • travay sa yo ki va kòmanse nan premye lane segondè a va kontinye nan rès lane yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>1. Egzamine kondisyon ou genyen pou li tèks ki devan ou lan : longè tèks la, zouti ki disponib, sa w genyen pou fè ak tèks la, valè tan ou bezwen, elatriye</p> <ul style="list-style-type: none"> • Detèmine manyè pou li tèks la : <ol style="list-style-type: none"> 1. Prevwa kantite lekti ou vle fè ak fason pou li ou reli tèks la : lekti nètale, toudenkou ou moso pa ti moso. 2. Prevwa youn ou plizyè fason pou souliyen pati ki enterese w nan tèks la oubyen pou pran nòt, otremandi, ou fè yon griy pou ede w li. 3. Konnen sèvi ak tout estrateji lekti selon pwojè e kalte liv osinon dokiman ou gen pou li. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ pwòp fason ak vitès ou li. ❖ patikilarite divès kalte tèks <ul style="list-style-type: none"> ❖ Divès kalte lekti : <ul style="list-style-type: none"> • lekti nètale* • lekti analitik* • lekti espresif* • lekti dokimante* ❖ Divès kalte griy ❖ lekti daprè chemateks la : <ol style="list-style-type: none"> 1. tèks deskriptif* 2. tèks naratif 3. tèks agimantatif 4. tèks poyetik ❖ Estrateji lekti ❖ Teknik lekti 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Anseyan an dwe aprann elèv yo kèk te knik akestrateji nan etap planifikasyon lekti a : <ul style="list-style-type: none"> ❖ prevwa yon griy daprè 149ganizasyon tèks la ki ka pèmèt sezi eleman esansyèl nan tèks la ❖ prevwa yon sistèm (tablo-rezime, diagram, chema) ki ka pèmèt mete lòd lide ki devlope nan tèks la. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Abitye elèv yo fè lekti nètale pou devlope lakay yo enterè pou li. ❖ Pou lekti espresif, travay yo sitou an rapò ak konpetans nan kominikasyon oral. ❖ Pou lòt lekti tankou lekti analitik, lekti dokimantè, kòmanse yo pazapa nan premyè lane men se sitou nan lòt lane yo pou aprofondi yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3 Konstrui sans tèks la vle di tout bon vre e sa li pa vle fin di</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chèche mo w pa konnen, gade ki sans ou ta kap bay nan kontèks yo itilize yo, oubyen chèche yo nan diksyonè. • Seye bay fraz yon sans ki ka pèmèt ou konprann sezi sans tèks la • Mete enfòmasyon nan lòd. • Pran sans andaki tèks la genyen. • Idantifye kote nan tèks la ki pa fin klè e chèche byen konprann yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Chan semantik* yon mo : si li femenin, si li maskilen. ❖ Sans kontekstyèl, pwòp ak figire. ❖ sèvi ak diksyonè ❖ pwogrè anrapò ak tèm, lide ak enfòmasyon ❖ lòd enfòmasyon yo. ❖ rapò lojik nan lide ki nan tèks la. ❖ sans tèks la vle di e sal pa fin di ❖ sa kita dwe vre ❖ mo ki pa enpòtan nan yon fraz ❖ figi e stil : matafò*, metonimi*. ❖ fraz ki pa fin klè. ❖ rapò lojik kipa fin klè. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Aprann elèv yo fè yon koutje sou tout tèks la e sou chak paragraf. ❖ Chèche degaje lide prensipal ak lide segondè ki nan tèks la. ❖ Sèvi ak diksyonè oubyen esplikasyon yo bay pou sèten mo pou konprann lide ki di e ki pa ki nan tèks la. ❖ pèmèt elèv yo sèvi ak tout zouti ki ka pèmèt yo konstrui sans tèks yo ap li a : gramè, griy lekti, elatriye. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Pwofite moman travay sa a nan lekti pou travay zouti fonksyonman lang kreyòl la ak elèv yo : leksik, gramè tèks, òtograf. ❖ Fè yo pran nòt nan kaye yo pou fikse kèk eleman esansyèl yo aprann. ❖ Pwofite pou ede yo ogmante vokabilè yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.1 Idantifye, konprann, entèprete divès jan tèks :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jan literè • Jan ki pa literè • Chèche dekouvri nan yon tèks kantite jan ki ladan l. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Istwa, kont, fab, roman komedi, pwezi, nouvel. ❖ Editoryal, teks dokimantè, fich teknik, mòd anplwa, anons, reklam piblisite. ❖ Inisyasyon nan tèks agimantatif: esè, atik laprès. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Pèmèt elèv yo dekouvri kritè ki karakterize jan tèks yo lè yo literè ak lè yo pa literè. 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Pa bliye tout gran kategori tèks fè pati yon jan. Yo rekonèt jan sa apati sèten kritè fòmèl e semantik, men tou sosyal e istorik. ❖ Se sitou kritè sa yo pou elèv yo konnen nan premye lane segondè a.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.2 Idantifye, konprann, entèprete divès tip tèks (entansyon nan yon tèks).</p> <ul style="list-style-type: none"> • Idantifye eleman ki fòme tèks naratif, deskriptif, agimantatif, eksplikatif, ekspresif, enjonktif, enpresif. • Idantifye entansyon ki dominan nan yon tèks literè. • Chèche dekouvri nan yon tèks tout tip ki ladan l. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Entansyon naratè a : <ul style="list-style-type: none"> • Tip dominan • Tip segondè ◇ Karakteristik yon tèks naratif, deskriptif, agimantatif, eksplikatif, enjonktif, ekspresif, enpresif. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pèmèt elèv yo dekouvri nan pratik lekti yap fè prensipal karakteristik lengwistik ki ka pèmèt idantifye, konprann ak entèprete yon tèks. ◇ Fè yo dekouvri pa gen anpil tèks ki genyen yon sèl tip. Paregzanp, yon woman ki se yon tèks naratif ka gen pasaj deskriptif, agimantatif, elatriye. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Nan premye lane segondè a se sitou tèks naratif ak tèks agimantatif pou anseyan bay priyorite. ◇ Konsènan tèks agimantatif la, se sitou yon inisyasyon pou anseyan fè, etandone elèv yo gen pou yo aprofondi li nan tout ane segondè a.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.3 Idantifye, konprann, entèprete, sitiyasyon enonsyasyon yon tèks.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Enonse *, Enonsyatè *, reseptè * ◊ Mak enonsyasyon * an. ◊ Kote ak moman enonsyasyon an. ◊ Pwennvi * (fokalizasyon * zewo, entèn, ekstèn) ◊ Fenomèn modalizasyon *. ◊ Pawòl rapòte. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Chak fwa elèv la ap fè yon pratik lekti, nan gry lekti li prepare a, anseyan va abitye li pwogresivman idantifye divès eleman konsènan noyson enonsyasyon, enonsyatè eks. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Nan premye lane segondè a, anseyan an va rete sèlman nan etap identifikasyon sitiyasyon enonsyasyon (Kilès ki ap pale, ak kilès, nan ki moman e ki kote). Li va pèmèt yo tou distenge sitiyasyon enonsyasyon ak sitiyasyon enonse. ◊ Anseyan va fè menm travay la tou pou fokalizasyon ak modalizasyon (yon senp inisyasyon).

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.4 Itilize, konprann entèprete divès eleman ki antoure pwodiksyon yon tèks.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Kontèks istorik. ◊ Byografi ◊ Ekòl, mouvman, peryòd, tandans. ◊ Konvansyon, règ (vrè sanblans, byenseyans) ◊ Eta moun ki ap resewa tèks la <ul style="list-style-type: none"> • lektè • oditè • espektatè • piblik ◊ Kritik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Pwofite moman elèv yo ap abòde yon tèks pou aprann yo poze kesyon sou lavi otè a, sou epòk tèks la te ekri, sou Ekòl, mouvman, tandans ak tout lòt enfòmasyon ki ka ede elèv yo konprann eleman literè ki antoure pwodiksyon tèks la. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Anseyan an pa bezwen fè yon kou espesyal sou istwa literè. Chak fwa l ap fè yon etid tèks li va montre elèv yo enfliyans kontèks pwodiksyon sou tèks la. Parezanp lè l fini yon sekans sou yon èv oubyen sou yon gwoupman tèks, li ka pwopoze elèv yo kèk zouti pou yo jwenn e kenbe pakè eleman istwa literè yo rankontre nan lekti yo ; tablo-ranmase, tablo-kronoloji...

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.5 Idantifye, konprann, entèprete tonalite*, rejis* yon tèks.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Idantifye divès eleman ki fè yon tèks komik, polemik, didaktik, epik, lirik. • Chèche dekouvri nan yon tèks tout rejis ki ladan l. 	<p>◇ Tonalite *</p> <ul style="list-style-type: none"> - Komik - Lirik (sansibilizasyon) - Polemik (sansibilizasyon) - Didaktik (sansibilizasyon) 	<p>◇ Abitye elèv yo dekouvri santiman otè a vle fè pase nan tèks li a.</p> <p>◇ Fè yo ekspriye efè yo santi tèks la fè sou yo.</p>	<p>◇ Nan premye lane segondè se sitou teyat ak tonalite komik li an, anseyan va etidye ak elèv yo.</p> <p>◇ Evite tèminoloji yo itilize pou pale de rejis yo. Montre sitou jan yo fonksyone.</p>

*
*

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.6 Itilize divès antrè selon jan, tip, enonsyasyon, kontèks, tonalite pou li yon tèks literè.</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Tipoloji tèks ak mòd òganizasyon tèks ; - Kontèks/sitiyasyon - tonalite 	<p>◇ Konpetans sa a yap fini avè l' nan twazyèm ane, men nan premye ane yap montre elèv yo ke analiz literè *a mande yon òganizasyon metodologik patikilye, e yap dirije yo ti kras pa ti kras sou òganizasyon sa a.</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Mande elèv li tèks la plizyè fwa swivan kèk tip lekti li wè deja. - Epi l'ap bay tip tèks la ak kijan tèks la òganize. Men se yon travay ki pou fèt pazapa.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.7 Tabli diferans ant yon tèks literè (literati) ak yon tèks ki pa literè (oraliti).</p>	<p>◇ Distenksyon - Tèks literè - Tèks oral</p>	<p>◇ Prezante bay elèv yo diferan tèks ki ka pèmèt yo degaje karakteristik ki ka tabli diferans ant yon tèks literè e yon tèks oral.</p>	<p>◇ Anseyan yo dwe pwofite pou yo montre enfliyans lang oral la sou ekri literè yo an Kreyòl. <i>Georges Castera,</i> <i>Morisseau Leroy,</i> Se pami ekriven yo de otè ki pa kache enfliyans lang oral kreyòl la sou tèks yo.</p>

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.8 Devlope yon lespri kritik</p> <ul style="list-style-type: none"> • Distenge: <ul style="list-style-type: none"> ○ Sa ki enpotan ak sa ki pa nesèsè ; ○ Sa ki vre ak sa ki pa vre ; ○ Sa ki reyèl ak sa ki chita nan panse ; ○ Sa ki reyèl vre ak sa ki ta kapab reyèl ; ○ Sa yo ka konstate ak sa ki se opinyon • Idantifye enonsyatè yon tèks, destinatè l'. • Idantifye valè ki nan yon tèks ak ideyoloji ki kap dèyè l : kolonyalis, kominis, endijenis, ... 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Enpòtan / pa nesèsè ◇ Vre / pa vre ◇ Ki ka reyèl, ki pa ka reyèl ◇ Konsta / opinyon ◇ Enonsyatè / destinatè ◇ Valè : <ul style="list-style-type: none"> • moral • kiltirèl • politik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Travay lakay elèv yo atitid ki pèmèt yo reyaji devan yon tèks y'ap li sou sa ki ta sanble : <ul style="list-style-type: none"> • enpòtan • vrèsanblab • reyèl ◇ Fè yo degaje anmenmtan sa ki ta sanble <ul style="list-style-type: none"> • pa nesèsè • ki pa ka reyèl • elatriye ◇ Aprann yo tou rekonèt enonsyatè / destinatè. ◇ Fè elèv yo degaje apati tèm ki devlope nan yon tèks valè moral, kiltirel osinon politik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Anseyan an dwe ede elèv yo devlope yon espri kritik ki pèmèt yo tabli diferans ant yon panse majik ak yon panse pozitif. ◇ Pran an konsiderasyon konesans elèv yo nan sa yo aprann nan syans sosyal lè w abòde pwoblèm valè yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.9 Esplike tout kalte desen ak imaj.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Idantifye eleman ki nan langaj desen yo, imaj yo tankou sa nou ka dekouvri nan odyovizyèl. • Analize rapò ki tabli ant sa w wè ak sa w tande nan yon pyès teyat, paregzanp. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Eleman ki nan langaj ikonik * : (ti komik, desen, penti, foto) : pwennvi, plan, chwa koulè ak limyè, senbòl ak konvansyon ◇ Eleman ki nan langaj imaj yo (sinema, televizyon): pwennvi, plan, montaj, konvansyon. ◇ Rapò tèks teyat / chwa mizansèn. 	<ul style="list-style-type: none"> • Chak fwa elèv yo twouve yo devan yon imaj, yon desen, ede yo devlope abilite pou yo konprann yo, entèprete yo. Atire atansyon sou fòm, koulè, pèspektiv (lwen, pre), tout eleman ki enpòtan pou entèprete langaj ikonik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pou sa ki gen rapò ak agimantasyon, anseyan va etidye sitou imaj nan piblisite ak desen pou fè moun ri. ◇ Abitye elèv yo travay sou tout fòm desen, imaj ki nan anviwònman yo (vèvè, tablo atis yo, elatriye) pou rann yo kapab dekòde mesaj ki ladan yo e eksprime yo sou kalte desen, imaj sa yo. ◇ Sèvi ak yo kòm sipò pou agimante.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.10 Sèvi byen ak vokabilè</p> <ul style="list-style-type: none"> • Apiye w' sou tout teknik ki genyen nan etid vokabilè : kontèks, etimoloji, sinonim, diksyonè, mo menm fanmi, elatriye pou konprann pi byen tèks lektri yo e pou ogmante konesans ou nan vokabilè. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Sans jenerik * / Sans kontekstyèl * ◇ Mo menm fanmi, ◇ Sinonim ◇ Kontèks ◇ Diksyonè ◇ Jwenn etimoloji * ◇ Sèvi ak lòt mo pou di yon menm bagay. ◇ Elatriye. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pwofesè a ap pwofite tout okazyon ki parèt devan li pou li fè elèv yo konnen plis mo. ◇ l'ap fè sa : <ul style="list-style-type: none"> • lè l' esplike elèv yo nouvo mo yo ak mo ke yo konnen sèvi dejà ki vin gen yon lòt sans. • lè li montre elèv yo sèvi ak zouti tankou diksyonè. • Lè li swiv konvèsasyon yo pou l' wè si yo byen sèvi ak nouvo mo yo. • Lè li fè elèv yo plis sèvi ak nouvo mo yo, yon fason pou yo ka tou konnen yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pou plis detay, gade nan paj - kote yo devlope pati leksik la.

Jan tèks pou fè lekti nan premye ane segondè

Pou abòde osinon reyalize konpetans yo, elèv premye ane segondè yo va pratike sitou lekti jan nou seleksyone yo: istwa imajinè, teyat, pwezi, atik laprès. Anseyan a gade tout libète l pou li fè elèv yo li ak dekouvri lòt jan tèks pou konplete sa yo.

Istwa imajinè

Elèv yo va li woman, nouvèl, kont, fab. Yo va li annantye lakay yo oubyen nan lekòl la istwa tout kont yo tankou nouvèl, kont, fab. Se ap yon bon bagay si elèv yo li younn ou de woman pou ane a. Pou lekti woman an, elèv yo ta li e lakay yo e nan lekòl yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan po devlope konpetans lan	Kòmante
<ul style="list-style-type: none"> ◆ Rezime istwa a ◆ Ekprime santiman, yon moral enplisit ◆ Dekouvri pòtre, dekdò, pawòl, panse pèsonaj yo, moral yo. ◆ Distenge yon istwa imajinè de yon istwa reyèl (biyografi, otobiografi) ◆ Distenge sa ki vre / vrèsanblab. ◆ Etidye karakteristik narasyon. ◆ Metrize kronoloji yon istwa. ◆ Kominike nan klas la reyaksyon pèsonèl santimantal, entèlektyèl ou, pou yon istwa, yon pèsonaj. ◆ Distenge karakteristik divès kalite jan tèks tankou, nouvèl, kont, fab. 	<ul style="list-style-type: none"> • Etap chema naratif • Pati chema aktansyèl • Enplisit, presipoze, sa ki pa di, endis • Tip tèks tankou naratif, deskriptif, eksplikatif... • Pari nan lekti: Konvansyon ant otè a ak lektè a • Eleman ki ka pèmèt vrèsanblans nan yon resi. • Otè / naratè / pèsonaj • Fokalizasyon. • Oganizasyon kronolojik • Majè baz pou jije yon resi: vrèsanblans, respè règ jan yo, idantifikasyon avèk yon pèsonaj. • Jan : nouvèl, kont, fab, woman. 	<ul style="list-style-type: none"> • Fè timoun yo dekouvri tout etap ki genyen nan chema naratif ak kòman pou yo aplike chema sa a sou yon tèks. • Fè menm travay la ak chema aktansyèl • Abitye elèv yo ak divès tip tèks pou yo ka konnen kòman estriktire • Pati sou konesans elèv la genyen • Fè elèv yo pale sou diferan relasyon yon lektè kapab genyen ak yon tèks: sibjektif/objektif. • Pèmèt elèv la jwenn nan yon tèks naratif tout eleman ou jwenn e sa ou pa jwenn nan yon lòt tip tèks 	<ul style="list-style-type: none"> • Aplike chema naratif ak chema aktansyèl nan sitiyasyon lavi toulejou. Rakonte yon ti istwa, nouvèl, kont, blag. • Apati, plizyè tèks identifye, eksplike diferans ant divès tip tèks la, fason tèks la oganize eks. Poze kesyon • Nan klas la tire kont epi mande yo pou yo chèche sa ki reyèl, sa ki vrè, sa ki pa vrè eks. • Twouve kantite diskou ki prezan nan yon teks naratif ak vwa pèsonaj, ki pale anndan chak diskou. • Nan tèks mande elèv yo pou distenge sa ki konkrè, sa ki abstrè, sa ki reyèl, sa ki imajinè • Mande elèv yo pou yo tabli kronoloji tèks la apati mo ak ekspresyon ki nan tèks la. <p>Fè elèv yo di:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sa yo panse de tèks la • Si otè a respekte tout règjan yo • Ki pèsonaj ki ka sèvi yo kòm modèl. • Fè elèv yo pwodwi tèks naratif tou kout tankou fab, nouvèl, kont, eks

Pyès teyat

Pi bon fason pou etidye teyat, se jwe pyès la. Se sa ki fè nan kad etid teyat nan lekòl, li enpòtan pou elèv yo jwe pyès yo, fè mizansèn yo : mizansèn kèk ekstrè nan klas, òganizasyon espektak, videyo sou kèk pyès teyat eks. Nan premye ane segondè, yo jwe sitou pyès komik. Anseyan ka fè jwe lòt tip pyès, si se gou ak enterè elèv yo.

Konpetans	Konesans	Kijan pou devlope konpeans lan	kòmantè
<p>Li yon pyès teyat osinon yon ekstrè pou pwopoze yon mizansèn, yon deko.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Jan patikilye ki genyen nan teyat : komedi, fas. ◆ Kominikasyon teyatral ◆ Diferan tip komik : ak pawòl, ak jès ◆ Konvansyon, règ, prensip teyatral : apate, monològ, kiproko, Kout teyat ◆ Rapò ant pèsonaj yo ◆ Wòl deko (vizyèl, son), ekleraj, kostim, makiyaj, akseswa... 	<p>Pèmèt elèv yo fè diferans ant sketch, pyès teyat ak lòt prezantasyon.</p>	<ul style="list-style-type: none"> - Mande elèv jwe ti pyès teyat swa sou yon fòm komedi swa sou yon fòm fas eks. - Pèmèt elèv yo reyitilize konesans yo genyen sou pwononsyasyon, diskisyon ak sou pwozodi pou chanje sans yon mesaj.

Powezi

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan yo devlope Konpetans lan	kòmantè
Rekonèt e apresye mwayen yon otè itilize pou li pwovoke sou yon lektè yon efè estetik apati fason li sèvi ak lang lan.	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Jwèt ak son lang lan: rim*, asonans*, aliterasyon. ◇ Jwèt ak gramè e sentaks lang lan: envèsyon, simetri*, repetisyon. ◇ Jwèt ak leksik lang lan : Chan leksikal, polysemi, metafò. ◇ Jwet ak rit (metrik*) 	◇ Fè elèv yo modifye sans yon enonse pandan y'ap jwe sou son nan mo yo ak sou ton yo itilize nan mitan mo yo.	◇ Konesans sa yo se pou etidye kòm zouti pou li ak konprann patikilarite pwezi. Li pa nesèsè pou anseyan an fè yon kou twò teknik sou zouti sa yo, men ede elèv yo pito pran plezi nan li tèks pwetik.

Atik laprès

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan yo devlope Konpetans lan	kòmantè
<ul style="list-style-type: none"> • Adopte yon mòd lekti kritik ki byen adapte a jan jounalistik yo, sa dwe pèmèt : <ul style="list-style-type: none"> ○ jije fòs enplikasyon de otè a nan tèks li a. ○ idantifye entansyon ki dominan nan tèks la. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Patikularite prensipal jan jounalistik: fè divè, entèvyou, kritik, repòtaj. ◇ Mak ki fè remake otè nan tèks li a. ◇ Enonse ki se reyalyite ak sa 	◇ mande elèv yo chèche sans mo sa yo nan diksyonè: entèvyou, kritik	◇ pèmèt elèv yo reyitilize konesans yo genyen sou jan jounalistik pou yo ekri tèks tou kout tankou repòtaj, editoryal, kritik eks.

PWOFIL ELÈV PREMYE ANE SEKONDÈ KÒM LEKTÈ

1. KARAKTERISTIK SITIYASYON LEKTI NAN KAD YON EVALYASYON SOMATIF

1.2 Elèv la dwe jwenn nan sitiyasyon lekti a eleman sa yo:

- ❖ Entansyon lekti tèks la;
- ❖ Youn ou plizyè tèks;
 - tèks naratif
 - tèks powetik
 - tèks deskriptif
- ❖ Youn ou plizyè kesyon oubyen tach^o ki gen rapò ak tèks la;
- ❖ Tout resous ki nesèsè pou akonpli tach ki gen rapò ak tèks la (ransèyman sou otè a ak epòk li, plan, kat jewografik, leksik espesyalise, eks...)

1.3 Apa sa, konsiy yo dwe presize:

- ❖ tan ki prevwa pou travay la fèt
- ❖ tout dokiman (liv, diksyonè, gramè, lis mo vokabilè, eks...) ki otorize pou akonpli tach la.
- ❖ Resous ki otorize pou itilize.

2. ABILTE LEKTI YON ELÈV KI NAN KAD YON EVLAYASYON SOMATIF

^o Kesyon oubyen tach an rapò ak lekti yon tèks ta dwe fèt alekri. Nan sans sa, fò tach yo gen kèk kesyon pou devlope, paragraf pou ekri tankou yon rezime.

1. Konstwi sans tèks la

1.1 Degaje kontni tèks la

- ❖ Nan tèks naratif :
 - dekouvri monn naratif la.
 - Tabli rapò ant eleman ki nan monn naratif la.
- ❖ Nan yon tèks powetik :
 - dekouvri monn powetik la.
 - tabli rapò ant eleman ki nan monn powetik la.
- ❖ Nan yon tèks deskriptif :
 - rekonèt sijè ki dekri a.
 - rekonèt eleman yo dekri yo.
 - tabli rapò ant eleman yo dekri yo.

1.2 Degaje òganizasyon tèks la

- ❖ Nan tèks naratif :
 - rekonstwi plan tèks la.
 - distinge yon istwa imajinè ak yon istwa reyèl.
 - rekonèt eleman pwogresyon ki tabli koyrans tèks la.

- Rekonèt pasaj lòt tip tèks (deskriptif, agimantatif, el...) nan tèks la e rekonèt enterè yo.

❖ Nan yon tèks powetik :

- disène eleman ki sèvi pou òganize tèks la.
- rekonèt eleman pwogresyon ki tabli koyerans tèks la.

❖ Nan yon tèks deskriptif :

- rekonstwi plan tèks la.
- rekonèt pwogresyon enfòmasyon ki tabli koyerans tèks la
- rekonèt nan tèks la pasaj ki opinyon ak pasaj ki se fè reyèleman yo dekri yo.

1.3 Disène pwennvi ki adopte nan tèks la

- rekonèt pwennvi otè a.
- degaje imaj destinatè a nan tèks la
- disène valè (kiltirèl, sosyal, politik) ki nan tèks la.
- dekouvri bi tèks la

3. REYAJI SOU TÈKS LA

1) Pran pozisyon pèsonèl parapò ak tèks la

- evalye nan ki mezi tèks la (kontni, òganizasyon, pwennvi, bi) ouvri davantaj lespri lekti a e satisfè oubyen bezwen imajinasyon li oubyen konpreyansyon yon reyalite.

2) Bay reyaksyon sou tèks la.

KOMINIKASYON EKRI : EKRTI DIVÈS KALITE TÈKS

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.1 Cèche ekri nan sans sitiyasyon kominikasyon an.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Analize sitiyasyon kominikasyon an : <ol style="list-style-type: none"> 1. Mete w' nan pozisyon moun ki ap ekri a (entansyon w) ; 2. egzamine kondisyon ou genyen pou ekri a (tan, longè tèks la, resous) ; 3. Vize destinatè a kivledi moun w ap ekri a ou moun ki gen pou li sa w ekri a. • Detèmine kontni tèks la dapre sitiyasyon kominikasyon an. <ol style="list-style-type: none"> 1. Envante yon istwa osinon chwazi yon sijè ; 2. chwazi manyè pou òganize tèks la. 3. Detèmine manyè ou vle ekri. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Idantifikasyon ak itilizasyon yon sitiyasyon kominikasyon. ◊ Divès kalite tèks (entansyon pwojè moun K'ap ekri a). <ul style="list-style-type: none"> • rakonte evènman, istwa • pale de yon bagay, de yon kote, de yon pèsonaj. • Bay agiman, rezon, kritike, enfòmè, eksplike eks... • Eksprime emosyon, santiman, eveye emosyon, santiman lakay moun K'ap li a. ◊ Destinatè: kantite, laj, estati reyaksyon potensyèl. ◊ Kondisyon konteksyèl ak materyèl kominikasyon an: <ul style="list-style-type: none"> - jan tèks la - kanal kominikasyon - kote ak tan - kontrent sosyokiltirèl 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Abitye elèv yo prepare yon griy pou yo pran an kont tout eleman: entansyon, pwojè ekriti, tip tèks, eks... ◊ Aprann yo poze kesyon ki nesèsè pou yo fè yon bon analiz sitiyasyon kominikasyon an. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Pwofesè a ap asire sitiyasyon kominikasyon an defini aklè e tout elèv yo an mezi fè yon pwodiksyon ekri. ◊ Detèmine ak elèv yo twa gran etap ki genyen nan yon aktivite pwodiksyon yon tèks ekri. <ol style="list-style-type: none"> 1) Etap planifikasyon 2) Etap redaksyon 3) Etap revisyon.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.1 Pwodui divès tip ak jan tèks nan sans tèks ak èv ekriven ou etidye yo.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Ekri ki an rapò ak divès jan, tip e regis ki nan pwogram nan: tout kalite istwa osinon resi. ◆ Ekri (oto) byografik: temwayaj, istwa sou yon eksperyans pèsonèl. ◆ Ekri ki pèmèt fikse osinon restitiye konesans tankou kontrandi, rezime, eks ◆ Ekri agimantatif ki gen rapò ak resi (fab...) oubyen ki ka pèmèt eksprime e estriktire yon espri kritik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Pwofite okazyon lè elèv yo li tèks osinon èv ekriven yo etidye yo pou fè yo obsève fason èv sa yo prezante. ◆ Envite yo imite modèl èv yo etidye yo pou yo pwodui modèl ki parèy. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Pa bliye enpòtans yon bon modèl nan zafè ekri.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.2 Sèvi ak tout etap ki ka pèmèt ou ekri byen.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konprann osinon detèmine sijè a. • Sanble tout lide, tout konesans ak eksperyans ou, konsilte liv, poze moun ki ka ede w reponn kèk kesyon. • Prepare yon estrikti lojik tankou : <ul style="list-style-type: none"> -Yon chema naratif -Yon plan ki prezante lide yo, oubyen dapre tèm ki ap trete a, oubyen dapre lojik lide yo. • Redije <ul style="list-style-type: none"> ○ Chwazi yon pwennvi* ○ Sèvi ak pwogresyon tematik* ○ Konn sèvi ak mo osinon espresyon ki fè sans... ○ Esprime divès rapò lojik, tankou lakòz, lapozisyon, lakonesans, eks... 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Chema naratif lineyè ◇ Plan ekspoze ak kontrandi, inisyasyon sou klasman lide ki gen agiman yo. ◇ Fokalizasyon <ul style="list-style-type: none"> - entèn - ekstèn - zewo ◇ Pwogresyon tematik: <ul style="list-style-type: none"> Ki gen tèm konstan, lineyè eklate ◇ Ekspresyon sikonstans tan ak lye (ak advèb, GN, pwopozisyon sibòdone sikonstansyèl, elatiye...) ◇ Sikonstans kòz, konsekans, bi, manyè, opozisyon, kondisyon. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Anseyan an dwe initye elèv yo nan preparasyon griy, fich osinon plan pou yo travay pwojè ekriti yo. Zouti sa yo gen tout enpòtans yo nan premye faz sityasyon ekriti yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Nan premye ane segondè a, elèv yo ap pwodui sitou tèks ki gen yon sèl pwennvi. Pwofesè a ap pwopoze kèk egzèsis pou mennen elèv yo pazapa a chanjman pwennvi yo.

*
*

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<ul style="list-style-type: none"> ○ Itilize tout kalite mo ki jwe wòl sibstiti pou evite repetisyon. ○ Anplwaye ak anpil ladrès pwonon pèsònèl, demonstratif ak posesif pou kreye anafò. ○ Metrize gesyon tit, paragraf, espasman ak alineya. ○ Ensere egzanp, ilustrasyon. ○ Sèvi ak leksik ki pran an kont yon nivo lang ki ekspri ak prezisyon sa w vle di. ○ Respekte règ sentaks ○ Byen sèvi ak ponktyasyon ○ Òtografye kòrèkteman tèks yo ak diksyonè ou tout lòt zouti. ○ Reli e korije tèks la. ○ Prezante tèks la pou mete li an sikilasyon. 	<ul style="list-style-type: none"> • Sibstiti leksikal ak gramatikal • Pwonon pèsònèl, demonstratif, posesif : mòfoloji ak anlwa. • Gesyon tit, paragraf, espasman, alineya. ○ Rejis lang ○ Vokabilè an rapò ak tèks ki etidye nan lekti ○ Gramè tèks sitou : ajansman / 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Okazyon sitiyasyon pwojè ekriti yo, se moman pou anseyan an ede elèv yo fè transfè konesans yo genyen nan lekti nan travay ekriti yo. ◇ Pou ede elèv yo fè yon bon jesyon lang nan tèks y'ap pwodui yo, ankouraje yo konsilte liv referans (gramè, diksyonè), nòt yo pran nan kaye yo, èdmemwa gramatikal. ◇ Fè yo pratike otokoreksyon pou pèmèt yo dekouvri pwòp fot yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Anpil lan nosyon ki nan pati sa devlope nan yon lòt pati pi espesifik Gramè fraz / Gramè tèks. ◇ Anseyman gramè pa dwe fèt apa. Elèv yo dwe pratike gramè yo sitou lè y'ap fè pratik lekti. ◇ Anseyan ka ede elèv yo pran yon rekil chak fwa devan pwodiksyon yo, pou yo evalye l, analize l e pote koreksyon ak amelyorasyon ki nesèsè

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.3 Itilize teknik ak zouti ki ka fasilite pwodiksyon bon tèks.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak fèy bouyon • Bati yon plan • Sèvi ak tout kalite diksyonè • Sèvi ak gramè e tout lòt liv sou lang kreyòl la. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Òganizasyon ak itilizasyon yon bouyon. ◊ Òganizasyon plan: <ul style="list-style-type: none"> - Pou yon ekspoze - Pou planifikasyon travay la - Pou òganize lide yo. ◊ Itilizasyon maksimal yon atik diksyonè, twouvay nan liv gramè, nan diksyonè, elatriye... 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Ankouraje elèv yo pataje tèks yo ekri yo ak kanmarad yo nan klas la. Konsilte anseyan yo, si ou pa sèten de tèks w ap pwodui a. ◊ Aprann sèvi ak tout zouti ki nesèsè pou verifye kalite pwodiksyon lan. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Anseyan yo gen yon travay enpòtan pou yo fè nan antrènman elèv yo nan mizan tèks pwodiksyon yo. Yo genyen pou yo fè yon travay nan abitye elèv yo "rete objektif" kivledi pran yon rekil fas a pwodiksyon an pou yo evalye li, analize li e pote koreksyon nesèsè.

Konpetans	Konesans nesesè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.4 Asosye ekriti ak lòt sipò tankou imaj, son.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pran nòt lè w ap tande yon mesaj • Ekri yon tèks piblisite ak tout imaj ou desen • Fè mizanpaj journal 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Mizanpaj journal lekòl la. ◇ Fabrikasyon yon afich piblisite. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pwofite okazyon lekti yon etik journal pou ankouraje elèv yo travay konpetans sa a. ◇ Fè elèv yo manipile yon journal e eksplike yo divès pati ki ladan li. ◇ Si posib envite yon jounalis vin pataje eksperyans li ak elèv yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pwofite chak fwa okazyon an prezante pou fè elèv yo eksperimante a lekri sa yo wè nan lekti.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.5 Devlope entèlijans ak sèvo nan zafè ekri.</p> <ul style="list-style-type: none"> Sèvi ak règ ou aprann yo pou devlope entèlijans nan ekri listwa. 	<ul style="list-style-type: none"> Resi envante Kontinye yon resi fiksyon Modifikasyon etap nan yon resi fiksyon. Kreyasyon powetik. 	<ul style="list-style-type: none"> Òganize nan klas la yon Atelye kreyasyon powetik. Envite, si posib, yon powèt. Pèmèt elèv yo pibliye powèm yo fè nan kad atelye a. 	<ul style="list-style-type: none"> Gen kèk asosyasyon ekri ki enterese anpil pou inisye jèn yo nan aktivite kreyasyon literè, anseyan an dwe kontakte asosyasyon sa yo e fè jèn yo pwofite de talan ekri sa yo.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>3.6 Reflechi sou pwòp fason ou ekri.</p> <ul style="list-style-type: none"> Egzamine ladrès ak difikilte ou rankontre nan zafè ekri. Jwenn koz difikilte yo e solisyon pou regle yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Estrateji planifikasyon pwodiksyon tèks Mizantèks / Etap redaksyon Revizyon Fason yoin tèks prezante ak òganize Etap ki genyen nan redaksyon yon tèks. 	<ul style="list-style-type: none"> Prepare ak elèv yo griy revizyon ki ka pèmèt yo wè ankò etap yo travèse nan pwodiksyon tèks yo. Aprann yo vèbalize eksperyans yo an gwoup pou yo reyalize pwèn fò yo ak pwèn fèb yo. Travay kay elèv yo atitid ki pèmèt yo dekouvri diferan sekans ki egziste anndan yon tèks naratif. Fè yo dekouvri to diferan pèsonaj ak wòl pèsonaj yo jwe anndan tèks la. Pèmèt elèv yo dekouvri divès kalite vwa ki ap pale anndan yon tèks : vwa naratè a ak vwa pèsonaj yo. Elèv yo dwe dekouvri tou kilè naratè a pale plis pase pèsonaj yo; ki lè pèsonaj yo pale pase naratè a, ak kilè konesans naratè egal ak pa pèsonaj 	<ul style="list-style-type: none"> Pa bliye malgre genyen teknik pou pwodiksyon tèks, chak elèv rete ak pèsonalite li, ak estrateji pèsonèl li. Anseyan dwe ede, ankouraje e chèche konprann estrateji chak elèv kote li santi li pi konfòtab. Mande elèv yo pou jwenn kèk sitiyasyon nan lavi toulèjou kote yon pèsonaj ap jwe plizyè wòl. Ansanm yo ap pèmèt elèv yo konprann tou diferan aksyon ki poze nan sitiyasyon ki chwazi a, e nan ki moman aksyon an poze Lè anseyan an ak elèv yo fin analize plizyè sitiyasyon nan lavi toulejou; anyen an ap mande yo itilize konpetans yo sot dvlope yo nan analize tèks literè. Mande elèv yo pou dekouvri divès manyè yon naratè prezante yon diskou rapòte ak ki vwa ki pale anndan chak diskou.

Jan ak tip tèks pou pwodiksyon ekri nan premye ane segondè

Pou abòde osinon reyalize konpetans yo, elèv premye ane segondè yo va pratike an priyorite jan ak tip sa yo : istwa imajinè (resi fiksyon), tèks enfòmatif, tèks agimantatif. Anseyan an gade tout libète l pou ankouraje lòt pwodiksyon.

Anseyan an va pwopoze elèv yo pwojè pwodiksyon tèks an rapò ak tèks yo etidye nan lekti. Fò elèv yo ta kapab pwodui pou pi piti uit (8) travay ototal.

Istwa imajinè (resi fiksyon)

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	kòmantè
<p>◇ Konplete yon resi kèlkonk, ki pa gen finisman, kòmansman oubyen yon pati nan mitan.</p> <p>◇ Avèk ou san yon modèl, envante kòmansman yon resi ki bay anvi pou li rèl la.</p> <p>◇ Modifye yon resi: <ul style="list-style-type: none"> • ensere ladan l yon deskripsyon ou yon dialog; • chanje espas ak tan kote l ap dewoule a; • chwazi yon lòt naratè; • adopte yon lòt fokalizasyon; pwennvi • boulyè lòd evenman yo. </p>	<p>◇ Konesans sou chema naratif ak sou chema aktansyèl</p> <p>◇ Tip tèks yo ak tout konbinezon posib;</p> <p>◇ Kreyasyon yon kad ki prezante espas ak tan kote yon aksyon ap dewoule;</p> <p>◇ Narasyon: 3èm pèsòn / 1è pèsòn</p> <p>◇ Divès pwennvi (zewo, ekstèn, entèn)</p>	<p>◇ Travay elèv yo atitid ki pèmèt yo dekouvri diferan sekans ki egziste anndan yon tèks naratif. Fè yo dekouvri tou diferan pèsònaj ak wòl pèsònaj yo jwe anndan tèks la.</p> <p>◇ Pèmèt elèv yo dekouvri divès kalite vwa ki ap pale anndan yon tèks: vwa naratè ak vwa pèsònaj yo. ELèv yo dwe dekouvri tou kilè naratè a pale plis pase pesonaj yo; ki lè pèsònaj yo pale plis pase naratè a, ak kilè tou konesans pèsinaj ak pa pèsònaj yo.</p>	<p>◇ Mande elèv yo jwenn kèk sitiyasyon nan lavi toulèjou kote yon pèsònaj ap jwe plizyè wòl. Anseyan yo ap pèmèt elèv yo pou konprann tou diferan aksyon ki chwazi a, e nan moman aksyon yo poze</p> <p>◇ lè anseyan an ak elèv yo jin analize plixyè sitiyasyon ana lavi toulèjou; anseyan an ap mande yo itilize konpetans yo sot devlope nan analize tèks literè.</p> <p>◇ Mande elèv yo pou yo dekouvri manyè yon naratè prezante yon diskou rapòte ak ki vwa ki pale anndan chak diskou.</p>

Tèks enfòmatif

Konpetans espesifik	Konesans nesesè	Kijan pou develope konpetans lan	Komantè
<p>◇ Redije tèks ki gen estrikti naratif: byografi, kontrandi evènman, zen rezime istwa, kontrandi lekti.</p> <p>◇ Redije, pou nenpòt ki tèks, yon tit, yon soutit si se nesèsè, entèt, yon chapo, yon plan, yon rezime ki rapòte oubyen reprann pawòl otè a san defòmasyon (avèk objektivite)</p> <p>◇ Pran nòt e òganize yo pou</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Degre enplikasyon naratè a selon jan resi yo. • Kontra nan resi ki chita sou reyalite (otè a sanse di laverite ; lektè a sanse kwè li) • Sistèm tan nan resi ki chita sou reyalite. • Itilizasyon konektè tan yo. • Fraz nominal ak fraz vèbal • Rezime • Chapo • Entèt • Abrevyasyon e senbòl ; • Divès fason pou ekstriktire nòt ; 	<p>◇ Pèmèt elèv yo dekouvri kòman yon naratè kapab enplike tèt le nan yon tèks, kòman le kapab rete deyò tèks la. Kòman naratè a respekte la verite, itilize konektè yo ak tan vèb yo anndan yon tèks.</p> <p>◇ Ede elèv yo dekouvri kòman tout eleman ki antoure tèks la (tit, soutit, nòt anba paj, eks..) pèmèt lektè a</p>	<p>◇ travay sa mande pou anseyan yo fè elèv yo konprann ki lè yo ka pale de otè (moun ki ekri liv la), de nartè (moun k'ap viv nan sosyete a).</p> <p>◇ Mande elèv yo pou yo kapab dekouvri si tit tèks la koresponn sk kontni an. Y'ap fè menm travay la pou chapo tèks la soutit, nòt anba paj eks.</p> <p>◇ Poze elèv yo kesyon anvan yo kòmanse ak lè yo fin li yon tèks. Fè pale sou sa yo pibyen konprann nan tèks la oubyen sou tout sa yo pa byen konprann. Gade avèk yo si faktè sa yo soti anndan tèks la oubyen lòt kote.</p> <p>◇ Oryante elèv la pou li fè diferans ant yon deskripsyon ak yon sekans deskriptif.</p> <p>◇ Prezante yon lèt ki manke kèk pati. Elèv yo dwe ekri pati ki manke yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> • mande elèv yo li nòt yo pran ; oubyen fè yonn li nòt lòt elèv • Dikte mo, fraz teks. Transkripsyon

<p>repwodui esansyèl yon diskou oral ou ekri.</p> <p>◊ Idantifye yon eleman ki fasilite lektri yon tèks</p> <p>◊ Redije tèks ki genyen yon anizasyon deskriptif. Li gen dwa se deskripsyon yon mache, yon wil, yon kay, yon moun (pòtrè) eks.</p> <p>◊ Ekri lèt voye bay zanmi, fanmi selon tout prensip yo</p> <p>◊ Itilize alfabè fonetik fè transkripsyon tèks, sou kasèt nan plizyè lang (kreyòl, fransè,</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Mizan paj. ◊ Faktè lizibilite • Longè fraz yo • Oganizatè tekstyèl yo: (tit, chapo ou somè, ilistrasyon, paragraf, konektè lojik eks...) • Eksplikasyon vokabèl teknik. ◊ tip tèks ak modifikasyon yon tèks. • Sa ou jwenn nan yon deskripsyon e ou pa jwenn nan narasyon • Prenisp pou prezante yon lèt : apèl, kò lèt la, politès, eks. Rejis lang : familye / kouran • Règ pou pran nòt 	<p>konprann p byen sa li pral li anndan tèks la.</p> <p>◊ Distenge yon deskripsyon nan parapò ak yon narasyon, yon eksplikasyon, yon enfasyon tks.</p> <p>◊ Mande elèv yo ekri lòt elèv nan klas la, nan lòt lekòl, zanmi yo, eks.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè elèv yo ekri lòt elèv nan klas la, nan lòt lekòl; zanmi yo, fanmi yo. • Bay dikte. Chèche
---	--	--

<p>anglè, panyòl</p> <p>◊ Itilize alfabè fonetik pou transkripsy on fraz ak tèks ekri nan franse, kreyòl, angle, panyòl.</p>	<p>klè, lòt moun ka konprann. Abrevyasyo n, sig, siy ak senbòl.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Li ak ekri alfabè fonetik entènasyona l(mo, fraz, tèks) 	<p>nan diksyon è.</p>	
--	---	-------------------------------	--

PWOFIL ELÈV PREMYE ANE SEKONDÈ KÒM ESKRIPTÈ

PWOFIL ELÈV PREMYE ANE SEKONDÈ KÒM ESKRIPTÈ

ZOUTI LANG KREYÒL POU PRATIKE ORAL AK EKRI : LEKSIK

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>4. Metrize e itilize leksik kreyòl la nan divès sitiyasyon kominikasyon.</p> <p>4.1 Rekonèt e aplike divès manyè ou kapab fòme mo :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Prefiksasyon • Sifiksasyon <p>4.2 Eksplike sans mo ou pa konnen ak divès mwayen tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kontèks yo itilize mo a ; • Diksyonè; • Mo ki nan menm chan leksikal; * • Mo ki nan menm chan semantik;* • Mo ki gen menm rasin. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Divès manyè pou fòme mo <ul style="list-style-type: none"> 3) derivasyon 4) konpozisyon ◇ Definisyon sans mo <ul style="list-style-type: none"> ▪ wòl kontèks : kontèks laj, kontèks fèmen ▪ chan leksikal ▪ chan semantik ▪ polisemi 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Kòm tout lòt zouti nan lang nan, metriz ak itilizasyon leksik kreyòl la dwe fèt chak fwa elèv la nan yon sitiyasyon kote l ap pratike lang lan: oral ou ekri. Ede elèv yo dekouvri nan yon tèks wòl kontèks la pou yo dekouvri sans yon mo. Paregzanp apati tèm jeneral tèks la (kontèks laj) oubyen sans mo a pran nan yon fraz selon mo ki nan anviwònman li (kontèks fèmen) dlo fre, pen fre, nouvel fre. ◇ Montre elèv kouman apati chan leksikal nou ka dekouvri tèm jeneral ki devlope nan yon tèks. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Leksik se sa yo rele nan pwogram 9^{èm} ane a vokabilè. Nan 1^e lane segondè a yo konsidere leksik la kòm yon zouti lang lan pou pratike oral ak ekri. Nan sans sa a, se pa tèlman lis mo pou elèv yo etidye, men sitou pou yo aprann dekouvri sans mo yo e itilize yo kòm sa dwa.

Konpetans	Konesans nesesè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>4.3 Sèvi ak sinonim, antonim pou byen konprann sans fraz, sans tèks.</p> <p>4.4 Rekonèt e eksplike mo nèf leksik kreyòl la prete nan lòt lang tankou franse, angle, panyòl.</p> <p>4.5 Rekonèt varyasyon vokabilè dapre sityasyon kominikasyon e distenge divès rejis tankou popilè, familye, estanda, soutni.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Sinonimi ◇ Antonimi ◇ Omonimi ◇ Paronimi ◇ Fòmasyon mo nèf. ◇ Rejis lang: <ul style="list-style-type: none"> • popilè • familye • estanda • soutni 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Tout travay ki ap fèt nan lang nan pa dwe fèt andeyò yon sityasyon kominikasyon. ◇ Antrene elèv yo sèvi ak diksyonè pou li ka vini pou yo yon veritab zouti. ◇ Aprann elèv yo fè yon retou sou fòm yo jwenn nan oral pou yo konpare yo ak fòm ekri a. Eg: Jan pati bouske lavi nan Sen Domeng (oral) Jan pati alarechèch lavi nan Sen Domeng (ekri) ◇ Ede elèv yo sezi nyans ki genyen nan itilizasyon fòm tankou: Ban m pase / Mwen kapab pase souple. 	<p>◇ Pran anpil prekosyon nan etid leksik lang kreyòl la. Sa ki enpòtan pou nou kenbe nan tèt nou, mo ki nan lang kreyòl ayisyen an soti</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) nan lang endyen karayib yo tankou : kwi, kannari, eks... 2) nan lang angle tankou : mereng, dayiva, bokit, eks... 3) nan lang panyòl tankou : awoyo, abladò, mizadò, eks... 4) nan lang afriken tankou : akasan, oungan, ounfò, eks... 5) nan lang franse tankou : karòt, chalè, manje, lopital, eks... <p>Se nan lang franse kreyòl la prete pi plis mo.</p>

GRAMÈ FRAZ AK GRAMÈ TÈKS

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>5. Metrize e aplike règ òganizasyon ak fonksyonman gramè fraz tankou gramè tèks.</p> <p>5.1 Obsève e itilize òganizasyon divès tip ak fòm fraz.</p> <p>5.2 Evalye sans divès tip ak fòm fraz ka pote nan yon tèks.</p>	<p>◇ Tip fraz</p> <ul style="list-style-type: none"> • deklaratif • entèwogatif • eksklamatif • emperatif <p>◇ Fòm fraz</p> <ul style="list-style-type: none"> • afimatif • negatif • anfatif <p>◇ Divès gwoup nan yon fraz:</p> <ul style="list-style-type: none"> • gwoup non • gwoup vèb • gwoup advèb • gwoup prepozisyon <p>◇ Fonksyon</p> <ul style="list-style-type: none"> • sijè • konpleman • epitèt • atribi 	<p>◇ Aprantisaj gramè fraz tankou gramè tèks dwe fèt anmèmtan.</p> <p>◇ Se nan moman elèv la ap pratike lekti osinon ekriti pou envite li obsève estrikti lang lan, konstriksyon sentaksik yo.</p> <p>◇ Li dwe pwofite pou li evalye sans fraz la e wòl li jwe nan tèks la parapò a pwogresyon enfòmasyon ak koyerans tèks la.</p> <p>◇ Aprann elèv yo dekouvri sans mo yo dapre fonksyon yo nan yon fraz. Egz: <u>Maten lendi a</u> (gwoup sijè) te enpòtan pou sa te regle. Li te enpòtan pou sa te regle <u>lendi maten</u> (gwoup konpleman).</p>	<p>◇ Wòl gramè se pèmèt yon moun reflechi sou lang li, mete lòd nan sa l ap di, se pa aprann règ pakè.</p> <p>◇ Li enpòtan pou nou aprann tabli diferans ant fraz nou tandè ak fraz nou jwenn nan yon tèks, se yon sèl lang, men sentaks yo kivledi ajansman mo yo nan fraz pa toujou fèt menm jan.</p> <p>◇ Tèminoloji gramè kreyòl la pa diferan de franse a. Pa bliye kreyòl la gen kèk orijinalite pa l' l. Paregzanp, nou genyen sa yo rele vèb marasa: vole ponpe, vin al chèche, el.... Se yon kategori gramatikal ki pa egziste nan franse.</p>

Konpetans	Konesans nesese	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>5.3 Obsève e evalye divès kalite fraz ki pèmèt ekspri kondisyon, kòz, konsekans, bi, konsesyon, el...</p>	<p>◇ Fraz sibòdone</p> <ul style="list-style-type: none"> • relativ • konpletiv • sikonstansyèl • tan • koz • konsekans • bi • Aprann Konnen sans figi retorik yo. • Rekonèt diskou dirèk ak endirèk nan tèks. 	<p>◇ Antrene elèv yo fè travay manipilasyon nan fraz sibòdone yo. Aprann yo redui pwopozisyon yo e degaje sans yo.</p> <p>Eg : Mesye ki konn fè soulye a malad / Kòdonye a malad.</p> <p>◇ Obsève divès mwayen lang nan genyen pou l ekspri menm bagay ak sibòdone yo:</p> <p>Leksik: Jan pati <u>avanyè</u> (tan). <u>Neglijans</u> (lakòz) fè li rate avyon an.</p> <p>Mo lyezon: Li tap pale <u>ak</u> Jan k ap rantre.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fè yo elèv yo chèche figi retorik yo nan diskyonè; relve yo nan tèks; ak itilize yo nan pwòp fraz sa yo. • Relve anpil diskou dirèk / endirèk nan divès tip tèks. 	<p>◇ Meyè mwayen nou genyen pou nou abòde sibòdone yo, se pèmèt elèv yo obsève yo nan tèks yo ap li oubyen yo ap ekri. Apre obsèvasyon an yo dwe evalye sans fraz yo ak wòl yo jwe nan pwogresyon enfòmasyon ak koyerans nan tèks la.</p> <p>◇ Figi retorik yo tèlman sanble fòk anseyan yo ale etap pa etap pou elèv yo pa dekouraje,</p>

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
		<p>Gwoup prepozisyonèl: <u>Malgre konsèy mwen</u>, (G.P) li te ale kanmenm.</p> <p>Mòfoloji vèbal (mak aspekto-tanporèl) Seleksyon nasyonal la <u>ap</u> (aspè) pati senmenn pwochenn nan.</p> <p>Premye janvyè 1804, zansèt nou yo <u>te</u> (aspè) ban nou endepandans nou.</p> <p>◇ Obsève kouman jan estrikti yon fraz parèt depann de eskrikti li anpwofondè.</p> <p>Egz: Anseyan an mande elèv la ouvè liv li. (Estrikti vizib)</p> <p>a) Anseyan an mande <u>elèv la</u> (konpleman)</p> <p>b) (Pou) elèv la (sijè) ouvè liv li.</p> <p>◇ Fè elèv yo dekouvri prezans pwopozisyon sibòdone nan fraz la malgre absans yon mo sibòdonan.</p>	<p>◇ Vi enpòtans mak aspekto-tanporèl nan sistèm vèbal kreyòl la, anseyan dwe akòde yon atansyon espesyal a pati sa a.</p> <p>◇ Poutèt mak aspè ank enpòtan anpil nan sistèm vèbal kreyòl la, anseyan yo dwe bay patisa a yom gwo enpòtans.</p>

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>5.4 Obsève fonksyonman e evalye wòl diskou rapòte nan yon tèks.</p> <p>Obsève e itilize divès makè ki sèvi pou mare lide nan tèks yo.</p> <p>Evalye sans kèk figi retorik ak gramè</p> <p>Pèmèt elèv yo pratike diskou direk ak endirèk</p>	<p>◇ Divès fòm diskou rapòte:</p> <ul style="list-style-type: none"> • dialòg nan yon resi; • monològ; • sitasyon • mo ant gimè <p>◇ Diskou dirèk ou endirèk</p> <p>◇ Konstrikasyon diskou rapòte</p> <p>◇ Mak òganizasyon tèks la</p> <p>◇ Makè relasyon</p> <ul style="list-style-type: none"> • relasyon semantik • fonksyon sentaksik. <p>◇ Sibstiti leksikal</p> <p>◇ Sibstiti gramatikal.</p>	<p>◇ Ede elèv yo dekouvri nan tèks lekti yo diskou rapòte yo (dirèk ou endirèk) ak tout mak ki karakterize yo (vèb ki entrodui yo, ponktyasyon, fraz ki dekoupe ladan yo).</p> <p>Eg: (1) Nikòl di: "Mwen gen pou m al vizite yon zanmi m ki entène nan lopital Kanapevè".</p> <p>(2) Nikòl di li gen pou l al vizite yon zanmi l ki entène nan lopital Kanapevè.</p> <p>◇ Montre elèv yo kouman diskou rapòte a selon li dirèk oubyen endirèk li fè naratè a efase tèt li pou li kite lòt pale (dirèk) osinon li fè naratè a entèvni (endirèk).</p> <p>◇ Entrene elèv yo</p> <p>Obsève divès mak òganizasyon nan tèks yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • dispozisyon grafik • jan karaktè yo (gra, italik, gwo lèt, ti lèt) • paragraf, tit, soutit 	<p>◇ Fè elèv yo dekouvri</p> <ul style="list-style-type: none"> - diferan diskou dirèk la ka prezante nan yon tèks; - Chanjman ki fèt pou li pase de diskou dièk a diskou endirek

Konpetans	Konesans nesesè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
		<ul style="list-style-type: none"> • mo ak gwoup mo ki asire lyezon nan tèks la • eks <p>◇ Li enpòtan pou pòte elèv yo obsève e konprann wòl makè yo (oubyen konektè yo) jwe nan mare lide nan yon tèks. Fè yo dekouvri divès sans makè sa yo genyen:</p> <ul style="list-style-type: none"> • adisyon: <u>anplis</u> de sa li dwe sibi yon entèwogasyon • bi: li etidye anpil de manyè pou li ka jwenn yon vi miyò denmen. • es..... <p>◇ Montre elèv yo divès teknik lang nan genyen pou li reprann yon enfòmasyon nan yon tèks.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sibstiti leksikal: Yo deside ranvwaye Silvi nan travay la, <u>desizyon</u> sa a pa jis. • Sibstiti gramatikal: Mèt Petyon pran chapo li, epi <u>li</u> plonje. 	

ÒTOGRAF

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>6. Metrize e itilize òtograf kreyòl la nan divès sitiyasyon kominikasyon ekri.</p> <p>6.1 Aplike prensip òtograf kreyòl la.</p> <p>6.2 Metrize e aplike siy grafik kreyòl la tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Siy ponktiyasyon • Aksan • Siy tipografik 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Sistèm òtograf kreyòl ayisyen an. ◇ Règ ekriti divès fòm kontraksyon: <ul style="list-style-type: none"> • Leksikal • Gramatikal ◇ Siy ponktyasyon ◇ Aksan ◇ Siy tipografik 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pwofite tout okazyon kote elèv yo ankontak ak ekri (lekti tèks) pou ede li fè aprantisaj prensip òtograf kreyòl la oubyen pou li ranfòse konesans li. ◇ Se sitou nan sitiyasyon pwodiksyon tèks pou anseyan ede elèv yo pran konsyans de divès kalte règ fonksyonman lang kreyòl la nan kontraksyon leksikal paregzanp: <ul style="list-style-type: none"> • Mwen konn (konnen) ekri kreyòl • Papa Jano ret (rete) nan enpas la. ◇ Fè elèv yo obsève siy ponktyasyon yo nan fraz, nan tèks menm jan ak aksan yo (aksan fòs), siy tipografik tankou gimè, krochè, parantèz, eks.... 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Premye travay pou anseyan an fè parapò a devlopman konpetans elèv yo nan sistèm òtograf kreyòl la se fè yon envantè konesans elèv yo. ◇ Ede elèv yo fikse prensip òtograf kreyòl la nan yon kaye espesyal pou sa. Yo va konsilte kaye sa a chak fwa yo vle fè yon verifikasyon. ◇ Pa bliye diferans ki genyen ant òtograf ki se kapasite pou byen ekri mo ak dikte ki se pito yon mwayen pou evalye si elèv la kapab ekri mo yo kòrektman.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>6.3 Kapab konsilte e itilize liv referans tankou gramè ak diksyonè pou korije fot nan yon tèks ekri.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Divès kalite diksyonè ◇ Kontni diksyonè yo. ◇ Kontni gramè yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Pwofite chak fwa elèv yo nan yon sitiyasyon y'ap pratike lekti pou familiarize yo ak divès kalte diksyonè ki kapab ede yo konprann pi byen fonksyonman lang: <ul style="list-style-type: none"> • diksyonè izyèl pou yo chèche òtograf, sans mo, pwononsyasyon, egzanp, el... • diksyonè sinonim pou yo ka konprann pi byen sans yon mo e ranplase l' pa yon lòt. ◇ Ak diksyonè etidye: <ul style="list-style-type: none"> • eleman fòmasyon mo yo: prefiks, sifiks; • mo ki nan menm fanmi; • divès sans yon mo polisemik. ◇ Sèvi menm jan ak gramè yo pou etidye divès kalite fraz: senp, konplèks. 	<ul style="list-style-type: none"> ◇ Se yon nesèsite pou anseyan an fè pwomosyon diksyonè ak gramè kòm liv referans, zouti ki la sitou pou bay sèten ransèyman lengwistik ki ka ede elèv la nan prezantasyon yon tèks ekri korèkteman.

TRADIKSYON

Konpetans	Konesans nesesè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>7. Dekouvri gran prensip tradiksyon</p> <ul style="list-style-type: none"> ◊ Entèprete yon tèks ◊ Tradui yon paragaf, yon tèks kreyòl an franse, yon tèks franse an kreyòl. ◊ Tradiksyon tèks deskriptif ak naratif 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Konpreyansyon bileng ◊ korespondans ant mo franse ak mo kreyòl. ◊ Sans pwòp / Sans figure ◊ Fozanmi ◊ Entèferans kreyòl / franse 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Sansibilize elèv yo lè yo fin travay yon tèks lekti ki pa twò long sou fason yo ta entèprete tèks sa a an franse. Pèmèt yo fè yon tradiksyon lib. Aprann yo vèbalize demach yo itilize pou degaje konpreyansyon yo gen de tèks la. ◊ Ede yo fòmalize demach yo itilize a lè w santi yo ka pase de yon tradiksyon espontane a yon tradiksyon rezone: <ul style="list-style-type: none"> • Mo ki komen nan de lang yo • Fraz ki pa difisil pou konprann • Sans jeneral tèks la • Fozanmi: frekan/fréquent Bonbon / gateau • Sans pwòp / sans figure Bebe (enfant) bebe (belle femme) • Entèferans kreyòl / franse Eg: Je n'ai pas assisté le match d'hier. 	<ul style="list-style-type: none"> ◊ Tradiksyon kòm zouti: nan ansèyman kreyòl la pa dwe fè objè yon aprantisaj espesyal. Anseyan lang kreyòl la ta dwe konsilte pwofesè lang franse pou li jwenn enfòmasyon sou kapasite elèv yo. ◊ Pou sa ki konsènen fòmalizasyon demach pou antrene elèv yo nan tradiksyon, anseyan an ta dwe mande elèv yo pou yo posede yon kaye pou pran nòt.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>◇ Konpare estrikti gramatikal franse ak kreyòl.</p>	<p>◇ Sentaks lang kreyòl / sentaks lang franse.</p>	<p>◇ Pèmèt elèv yo obsève konstriksyon fraz kreyòl yo ak fraz franse. Fè yo dekouvi kèk diferans:</p> <ul style="list-style-type: none"> • detèminan apre non tab la / la table • vèb ki pa konjige Mwen di / Je dis Li te di / Il disait • eks... 	<p>◇ Pou konparezon ant kreyòl ak franse a, se sèlman yon inisyasyon. Se nan lòt ane segondè yo aspè sa a ap vin pi devlope.</p>

KILTI KREYÒL : LITERATI

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>8.1 Dekouvri evolisyon kilti ayisyen an depi tan lontan jouk kounye a nan fason yo reprezante lemonn ak itilize langaj kreyòl la sou plan estetik e semantik.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri fòs kilti ayisyen an nan divès kalte tèks tankou : kont, pwovèb, el... • Dekouvri sa yo rele « sous », « enfliyans » nan etid : <ul style="list-style-type: none"> ○ Fab ○ Komedi ○ Powèm <p>8.2 Dekouvri relasyon kiltirèl literati kreyòl la genyen ak lòt literati.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dekouvri enfliyans lòt literati yo genyen sou literati kreyòl depi tou tan jouk jodi a. • Dekouvri relasyon kiltirèl literati kreyòl ann Ayiti ak lòt kominote ayisyen nan dyaspora a. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Istwa literati kreyòl ◆ Sous, enfliyans ◆ Fòm ak jan zèv literè <ul style="list-style-type: none"> • Fab • Kont • Komedi • Powezi • Pwovèb • Teyat • Woman ◆ Ekòl, mouvman, peryòd, tandans ◆ Literati nan dyaspora 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Ede elèv yo dekouvri istwa literati kreyòl chak fwa yo genyen zèv yon otè, yon ekriven pou etidye ◆ Angaje elèv yo nan rechèch sou fòm ak jan literè yo jwenn nan literati kreyòl la. Paregzanp replase Georges Sylvain nan epòk li, ekri Cric Crac (1901) dekri karakteristik peryòd literè sa a, fason li ekri fab li yo lè li mete pawòl nan bouch yon anlfabèt. Tabli relasyon ki egziste ant Cric Crac ak les Fables de Lafontaine, yon ekriven Fransè. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Genyen yon gwo diferans ant istwa literè ak anseyman literè ak ansèyman literati.. Nan gwogram 1^e segondè a, pa gen yon anseyman sistematik istwa literè ni yon kou literati. Sepandan, tout etid zèv yon otè ak okazyone yon travay sou literati kreyòl.

Konpetans	Konesans nesese	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>8.3 Chèche nan ki kouran ou ka mete yon otè oubyen yon èv.</p> <p>8.4 Dekouvri relasyon ki genyen ant oralite ak literati.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Otè, ekriyen, zèv ◆ Ekòl, mouvman, peryòd, tandans ◆ Kontèks istorik ◆ Byografi ◆ Konvansyon, règ ◆ Oralite ak literati 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Envite elèv la fè rechèch pou li dekouvri tout sa li dwe konnen sou yon otè, sou zèv, sou lavi li, sou epòk li pwodui ak konvansyon règ li soumèt li pou li pwodui zèv li a. ◆ Pèmèt elèv yo dekouvri ki jan ekriyen nou yo ap demele yo ak latradisyon oralite lè ya travay lang kreyòl pou yo fè l pase alekriti. Paregzanp, Morisseau Leroy ki rele Vilbonè yon kont chante. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Ansèyman literati, se pa kèk ti nòt sou yon otè, se mete elèv la an kontak ak zèv otè a. Se pèmèt li jwenn zouti ak enfòmasyon pou li apresye zèv ekriyen an.

LANG AK SOSYETE ANN AYITI

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>9. Konprann sitiyasyon kote franse ak kreyòl ap evolye kot a kot.</p> <p>9.1 Dekouvri plas chak lang yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> • nan sosyete • nan lekòl • nan lavi ekonomik • eks... <p>• konnen istwa, devlopman ak evolsyon lang kreyòl la depi orijin li jiska jodi a.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Lang ak sosyete ◆ Lwa sou lang ann Ayiti ◆ Kèk aspè nan istwa peyi ki pale kreyòl prea nesans nan peyi sa yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Pwofite de tout sitiyasyon kominikasyon oral oswa ekri ki gen rapò ak lang pou pèmèt elèv yo diskite sou sitiyasyon lang ann Ayiti. ◆ Envite yo verifye nan konstitisyon 1987 la plas ak estati 2 lang yo genyen nan peyi a ◆ Idantifye peyi ki pale kreyol sou kat jewografik. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Patit sa a nan pwogram nan dwe jwe yon wòl enpòtan nan fòmasyon elèv yo kòm sitwayen. Anseyan an ta dwe eksplwate l sitou nan deba sou yon tèmsosyal. ◆ Mande elèv yo reprezante sou kat jewografik peyi ki pale kreyòl nan karayib la, ann Afrik, nan oseyan endyen.

Konpetans	Konesans nesesè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>9.2 Dekouvri varyasyon lang kreyòl la ann Ayiti.</p> <p>9.3</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Varyasyon nan itilizasyon lang ◆ Varyasyon rejyonal <ul style="list-style-type: none"> • Nò • Sid 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Pèmèt elèv yo dekouvri divès kalite lang ki itilize nan sosyete a daprè kondisyon sosyal, ekonomik, laj moun ki ap pale a. ◆ Nan lekti tèks yo, envite elèv yo pote obsèvasyon sou leksik (vokabiliè) otè a itilize. Fè yo tabli tout diferans yo dekouvri nan varyasyon rejyonal. <ul style="list-style-type: none"> • Frè m / Frè an m • Fè / Kannistè • Eks... 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Anseyan an ka enspire de aktivite ki pwopoze oubyen nan kominikasyon oral oswa nan lekti pou li ede elèv yo devlope konpetans sa yo.

KONPAREZON ANT KREYÒL YO

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>10. Konprann mesaj nan lòt lang kreyòl ki baze sou franse yo pale nan antiy yo.</p>	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Lang kreyòl yo <ul style="list-style-type: none"> • Matinik • Gwadeloup 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Pwofite de moman kote elèv yo ap abòde varyasyon nan lang kreyòl la sou plan rejyonal pou sansibilize yo sou lòt kreyòl yo. ◆ Apati yon kat jeyografik montre elèv yo diferan peyi ki nan Karayib la, nan Oseyan Endyen kote yo pale kreyòl. 	<ul style="list-style-type: none"> ◆ Nan premye lane segondè a, se sèlman yon inisyasyon pou anseyan an bay elèv la sou lòt lang kreyòl yo pa dwe fè objè yon anseyman espesyal.

Konpetans	Konesans nesèsè	Kijan pou devlope konpetans lan	Kòmantè
<p>10.1 Dekouvri diferans ak resanblans ki genyen nan kreyòl yo sou plan :</p> <ul style="list-style-type: none"> ❖ Leksikal ❖ Sentaksik ❖ Semantik 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Gramè kreyòl <ul style="list-style-type: none"> • Ayiti • Gwadeloup • Martinik 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Ekspoze elèv yo sou lòt kreyòl yo (Martinik, Gwadeloup): chanson popilè, tèks. ❖ Soumèt yo yon paragraf pou yo fè yon tradiksyon lib. ❖ Eg : Se poto-mitan an, Fòwmasyon ! Mi bidim mo ! Pa nenpòt kalte fòwmasyon, men sa yo ka kriye fòwmasyon "de point"! Si ou pa ni sa, pa konte trajè pyès modèl travay kalifye. ❖ Abitye elèv yo chèche sans mesaj olye yo fè tradiksyon a motamo. ❖ Fè yo dekouvri kèk eleman leksikal ki diferan : ni/ genyen/ kriye/ rele, ou/ zòt, ti manmay/ ti moun, el... 	<ul style="list-style-type: none"> ❖ Nan premye lane segondè a se sèlman yon inisyasyon pou elèv yo fè nan konparezon ant kreyòl yo. Yo va fè yon travay pi apwofondi nan lòt lane segondè yo.

Aks tematik ak kiltirèl pou etidye nan premye ane segondè

Pou devlope konpetans elèv premye ane segondè yo, pwogram nan prevwa kouvri 5 aks tematik e kiltirèl. Anseyan an va chwazi kèk zèv antye osinon yon seri tèks ki pale de menm tèm pou li travay ak elèv yo pandan tout lane a. Anseyan an gade tout libète li pou li chwazi lòd li vle prezante zèv oubyen gwoup tèks yo.

Aks 1	:	Teknik pou fè komik nan teyat
Aks 2	:	Istwa (resi) ki gen moral
Aks 3	:	Divès kalite kont
Aks 4	:	Woman
Aks 5	:	Pwezi depi lakoloni jiska jodi a

Demach

Chak aks va etidye :

- Oswa yon zèv ann antye ak yon gwoupman kèk ekstrè zèv kòm konpleman;
- Oswa yon gwoupman kèk ekstrè zèv.

Sa ki enpòtan se pa ofri elèv yo yon kantite zèv nan chak aks yo, se pèmèt yo pito pran kontak ak yon seri zèv, yon seri ekstrè ki fòm yon sekans koyeran e ki ouvri yon pòt bay elèv la pou li etidye yon jan literè. Paregzanp:

- Pou aks 3 : "Divès kalte kont": , anseyan ka chwazi pou gwoupman younn ou lòt kategori nan kont kreyòl : kont sou zannimo oswa kont sou moun oswa kont sou movèzespri.
- Pou aks 5 : "Pwezi depi la koloni jiska jodi a" , anseyan ka chwazi yon tèm tankou (lanmou, lang kreyòl nan pwezi, labote, lanati, el...).

Nou rele gwoupman tèks, yon ansanm tèks ki trete yon tèm, yon jan, yon mòd ekriti. Li kapab tou yon zèv ann antye, evolisyon yon jan osinon yon fòm literè, evolisyon yon otè, elatriye ...

Lis zèv, otè, liv literati pou premye ane segondè a

